Къалэнхэр куэдщ, тхузэфIэкIари мащIэкъым

2-нэ нап.

«Махуэку»

3-нэ нап.

Мазибгъум ялэжьам ироплъэж

4-нэ нап.

Ахъмэт Мусэбий и фэеплъу

4-нэ нап.

ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

1924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

№122 (24.872) • 2025 гъэм жэпуэгъуэм (октябрым) и 9, махуэку • Тхьэмахуэм щэ къыдокI • И уасэр зы тумэнщ

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущ Iап Iэм къызэритамкIэ

ЕгъэджакIуэ пажэхэм яIуощIэ

КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек яхуэзащ «Урысейм илъэсым и егъэджакIуэ нэхъыфIу къыщалъыта», «Урысейм илъэсым и гъэсакIуэ нэхъыфIу къыщалъыта», «Анэдэлъхубзэмрэ литературэмкIэ егъэджакIуэ нэхъыфI дыдэ», «Урысейм илъэсым и педагог-психолог нэхъыфIу къыщалъыта», «Педагог-унэтIакIуэ нэхъыфI дыдэ», «ЕгъэджакIуэ щIалэ нэхъыфI дыдэ», «Урысейм и егъэджакIуэ-дефектолог нэхъыфI», «Урысейм илъэсым и школ унафэщI нэхъыфIу къыщалъыта», «Идогъаджэ! Унафэ яхудощI», «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и лIыхъужьхэр» зэпеуэхэм щытекIуа, я IэщIагъэмрэ унафэ зезыхьэ гупхэр гъэлэжьэнымрэ епхауэ зэхаша зэхьэзэхуэм саугъэт лъапIэ къыщызыхьа гъэсакIуэхэм.

ЕГЪЭДЖАКIУЭМ и махуэм ирырагъэхьэлIа зэIущIэр щекIуэкIащ Налшык дэт курыт школ №12-м. «Егъэджыныгъэ» лъэпкъ проектым ипкъ иткIэ, а еджапIэм гуащIыхьа ухуэныгъэщIэм и бжэхэр фокIадэм и 1-м сабийхэм яхузэIуихакIэщ.

КIуэкIуэ Казбек гъэсакIуэхэм я махуэшхуэмкIэ ехъуэхъуащ икIи къыхигъэщащ ЕгъэджакIуэм и махуэм а IэщIагъэм ирилажьэ псори къызэрызэщIиубыдэр:

- ЕгъэджакIуэм и пащхьэм къалэнышхуэ итщ – сабийхэр игъэсэныр, абы къикIращи, къэралым и пщэдейрей махуэр абыхэм я Iэмыщ Iэ ильщ. Псом япэрауэ, гъэсакIуэм сабийхэмрэ и IэщIагъэмрэ фIыуэ илъагъун хуейщ, сыт щыгъуи и щIэныгъэм зэрыхигъэхъуэным, лэжьыгъэм хуэIэижь зэрыхъуным хущIэкъуу.

СтIол хъурей жыпхъэм иту екIуэкIа зэIущIэм егъэджакIуэхэр щытепсэлъыхьащ зыгъэпIейтей Iуэхугъуэхэм: езыхэм я щIэныгъэмрэ улахуэмрэ хагъэхъуэн, анэдэлъхубзэхэр хъумэн, фIы и лъэныкъуэкIэ къыхэжанықI егъэджакIуэ щIалэхэр мылъку саугъэткIэ гъэгушхуэн зэрыхуейхэм.

Узыдэплъеипхъэ щапхъэу къахьащ унэтIыныгъэ зыбжанэ зиIэ гимназие №34-м щIыналъэ гъунэгъухэм къикIа егъэджакIуэхэм я щIэныгъэр зэрыщыхагъахъуэр. Сабий сымаджэхэр щеджэфын хуэдэу, госпиталь щIыкIэу къызэрагъэпэща школхэми я гугъу ящIащ, апхуэдэхэм зрагъэубгъуну я мурадщ. Темыпсэлъыхьу кънакъым къэуэх IэрыщIыимрэ робототехникэмрэ егъэджэныгъэм къыщагъэщхьэпэу зрамыгъасэу зэрымыхъунуми.

КIуэкIуэ Казбек егъэджакIуэхэр къигъэгугъащ къыхалъхьа зы жэрдэми жэуапыншэу къызэримыгъэнэнумкIэ. Узыншагъэ яIэу, лэжьыгъэм гукъыдэжрэ ехъулIэныгъэрэ щагъуэту лэжьэну ехъуэхъуащ, я IэщIагъэм ехъулIэныгъэщIэхэр къыщагъэлъэгъуэну зэращыгугъри къыхигъэщащ. «Фэращ фIыкIэ дызыщыгугъыр, фэ фи цIэкIэ - Къэбэрдей-Балъкъэрым егъэджакIуэ ис псоми», - щыжиIащ КIуэкIуэ Казбек и хъуэхъум и кIэм.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм граждан зыхъумэжыныгъэм епха Iуэхухэр къыщызэгъэпэщыным икIи щегъэкIуэкIыным теухуа Положенэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм 2016 гъэм мэлыжьыхьым и 6-м къыдигъэкIа Указ №37УГ-мкIэ къащтам зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Указ

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм граждан зыхъумэжыныгъэм епха Iуэхухэр къыщызэгъэпэщыным икIи щегъэкIуэкIыным теухуа Положенэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм 2016 гъэм мэлыжьыхьым и 6-м «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм граждан зыхъумэжыныгъэм епха Iуэхухэр къыщызэгъэпэщыным икIи щегъэкIуэкIыным теухуа Положенэ къэщтэным теухуауэ къыдигъэкIа УказымкIэ щIэгъэбыдам мыпхуэдэ зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэн:

а) 5-нэ пунктым «дзэ зэпэщIэувэныгъэ къыщыхъукIэ е зэпэщIэувэныгъэхэм я Iэужьу, апхуэдэу щIыуэпс, техноген нэщэнэ зиIэ къызэрымыкIуэ щытыкIэхэм деж» псалъэхэр «щызэщIагъэуIуэ лъэхъэнэм, зауэ щытыкIэм къару щиIэ лъэхъэнэм, зауэ зэманым (адэкIэ - шынагъуэм) псалъэхэмкIэ щызэхъуэкIын;

б) 5-1-нэ пунктыр щIыгъужын, мыпхуэдэу тхауэ:

«5-1.Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм граждан зыхъумэжыныгъэм епха Iуэхухэр щрагъэкIуэкIын, федеральнэ законодательствэм нэгъуэщI къыщымыгъэлъэгъуамэ, щIадзэ «Граждан зыхъумэжыныгъэм и IуэхукIэ» Федеральнэ закон №28-ФЗ-уэ 1998 гъэм мазаем и 12-м къыдэкIам уполномоченнэ къулыкъущIэу игъэувам къызэрыхилъхьам тету, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм граждан зыхъумэжыныгъэмрэ цIыхухэр хъумэнымрэ я планым къару зэрыригъэгъуэту.»;

в) 6-нэ пунктым «дзэ зэпэщIэувэныгъэхэм деж е а зэпэщIэувэныгъэхэм я Iэужьу, апхуэдэу щIыуэпс, техноген нэщэнэ зиIэ къызэрымыкIуэ щытыкIэхэм деж» псалъэхэр хэгъэкIын;

г) 10-нэ пунктым и «д» пункт къуэдзэм «мылъку, щэнхабзэ къулеигъэхэр шынагъуэншэ щIыпIэхэм гъэIэпхъуэныр икIи ахэр щыхэгуэшэныр» псалъэхэр «яхъумэным зыхуагъэхьэзырынымкIэ икIи мылъку, щэнхабзэ къулеигъэхэр яхъумэнымкIэ» псалъэхэмкIэ щызэхъуэкIын;

д) 11-нэ пунктым и «д» пункт къуэдзэм «мылъку, щэнхабзэ къулеигъэхэр шынагъуэншэ щIыпIэхэм гъэIэпхъуэныр икIи ахэр щыхэгуэшэныр» псалъэхэр «яхъумэным зыхуагъэхьэзырынымкIэ икIи мылъку, щэнхабзэ къулеигъэхэр яхъумэнымкIэ» псалъэхэмкIэ щызэхъуэкIын;

е) 15-1-нэ пунктыр щIыгъужын, мыпхуэдэу тхауэ:

«15-1 къэдгъэлъэгъуа органхэмрэ IуэхущIапIэхэмрэ граждан зыхъумэжыныгъэмкIэ Iуэхухэр щрагъэкIуэкIкIэ гъэзэщIакIуэ властым и федеральнэ органхэм я щIыналъэ органхэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щIыпIэ самоуправленэм и органхэу, IуэхущIапIэхэу щыIэхэм я лэжьыгъэр зэщIегъэуIуэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм къызэрымыкIуэ щытыкIэхэр къэмыгъэхъунымкIэ икIи абы и Iэужьхэр щыгъэкIуэдыжынымкIэ, мафIэс шынагъуэншагъэр къыщызэгъэпэщынымкIэ комиссэу «ЦIыхухэмрэ щIыналъэхэмрэ щIыуэпс, техноген нэщэнэ зиIэ къызэрымыкIуэ щытыкIэхэм щыхъумэным и IуэхукIэ Федеральнэ закон №68-ФЗ-уэ 1994 гъэм дыгъэгъазэм и 21-м къыдэкIам тету зэхагъэхьам.».

2. Мы Указым къару егъуэт «Урысей Федерацэм и хабзэгъэув унафэ щхьэхуэхэм зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным икIи Урысей Федерацэм и хабзэгъэув унафэ щхьэхуэхэм (хабзэгъэув унафэ щхьэхуэхэм ящыщ Iыхьэхэм) къару ямыIэжу къэлъытэным я IуэхукIэ» федеральнэ закон №232-ФЗ-уэ 2024 гъэм шыщхьэуIум и 8-м къыдэкIам къару щигъуэта махуэм.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIУЭКIУЭ Казбек

Налшык къалэ
2025 гъэм жэпуэгъуэм и 2-м
№106-УГ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм къызэрымыкIуэ щытыкIэхэр къэмыгъэхъунымрэ абыхэм я лъэужьхэр гъэзэкIуэжынымкIэ, мафIэс шынагъуэншагъэр къызэгъэпэщынымкIэ и комиссэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм 2022 гъэм дыгъэгъазэм и 29-м къыдигъэкIа Указ №147-УГ-мкIэ къащтам, зэхъуэкIыныгъэ хэлъхьэным и IуэхукIэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Указ

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм къызэрымыкIуэ щытыкIэхэр къэмыгъэхъунымрэ абыхэм я лъэужьхэр гъэзэкIуэжынымкIэ, мафIэс шынагъуэншагъэр къызэгъэпэщынымкIэ и комиссэм, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм къызэрымыкIуэ щытыкIэхэр къэмыгъэхъунымрэ абыхэм я лъэужьхэр гъэзэкIуэжынымкIэ, мафIэс шынагъуэншагъэр къызэгъэпэщынымкIэ и комиссэм хэтхэр къэщтэным и IуэхукIэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм 2022 гъэм дыгъэгъазэм и 29-м къыдигъэкIа Указ №147-УГ-м ипкъ иткIэ къащтам, зэхъуэкIыныгъэ хэлъхьэн, абы КъБР-м бжыгъэхэр зи лъабжьэ зыужьыныгъэмкIэ, связымрэ цIыхубэ зэпыщIэныгъэхэмкIэ и министр Бозий А. Р. хэгъэхьауэ.

2. Мы Указым къару егъуэт абы Iэ щыщIэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIУЭКIУЭ Казбек

Налшык къалэ
2025 гъэм жэпуэгъуэм и 6-м
№107-УГ

ЛъэхъэнэщIэм зыхуагъэхьэзыр

ТАСС-м и пресс-центру Москва щыIэм щызэхэтащ 2025 - 2026 гъэхэм бгым лыжэкIэ къежэхын лъэхъэнэр Урысейм къызэрыщызэIуахымрэ «Урысейм и къуршхэр» лъэпкъ саугъэтымрэ ятеухуа пресс-конференц.

ВИДЕОЗЭПЫЩIЭНЫГЪЭ IэмалкIэ абы хэтащ КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек. Абы жэуап яритыжащ къэблэгъа а лъэхъэнэм зэрыхуэхьэзырым, Къэбэрдей-Балъкъэрым туризмэм зыщегъэужьыным и Iуэху зыIутым теухуауэ къызэреупщIахэм.

КIуэкIуэ Казбек къыхигъэщащ: «НобэкIэ IуащхьэмахуэрI и зэфIэкIхэр нэсу къызэIуха хъуакъым. Дэ ди мурадхэр – къыщыбжыхь хъуну щIыпIэхэм къахэгъэхъуэныр, кIапсэ гъуэгущIэхэр укъуэдииныр – зэдгъэхъулIэным Iэмал къыдатынущ Iуащхьэмахуэ зыгъэпсэхупIэм къакIуэ туристхэм я бжыгъэр 2030 гъэм ирихьэлIэу мелуанрэ ныкъуэм нэдгъэсыну».

Iэтащхьэм къыхигъэщащ дызыхуэкIуэ щIымахуэ лъэхъэнэми турист куэд къытхуеблэгъэну зэрыщыгугъыр. КъБР-м Курортхэмрэ туризмэмкIэ и министерствэм къызэритамкIэ, гъэ кIуам республикэм турист мелуан 1,7-рэ къыхуеблэгъауэ щытамэ, мы гъэм и кIэм ирихьэлIэу а бжыгъэр мелуанитI хуэдиз хъуну къалъытэ. БлэкIа мазибгъум къриубыдэу ди деж къэкIуащ турист мелуан 1,5-рэ. Ар процентитхукIэ нэхъыбэщ илъэс блэкIам и апхуэдэ пIалъэм ирихьэлIэу щыIахэм нэхърэ. Абы щыгъуэми, туристхэм я нэхъыбапIэр здэкIуэр Iуащхьэмахуэ лъапэщ, ауэ нэгъуэщI унэтIыныгъэхэр къыхэзыххэми къахэхъуэ зэпытщ.

Фигу къэдгъэкIыжынщи, «Урысейм и къуршхэр» лъэпкъ саугъэтыр къэхьыным теухуауэ илъэс кIуам ирагъэкIуэкIа урысейпсо IэIэтым къэралым и бгы-лыжэ къежэхыпIэ нэхъыфI дыдэу къыщалъытауэ щытащ «Iуащхьэмахуэ» зыгъэпсэхупIэр икIи Урысейм бгым лыжэкIэ къежэхыным теухуа и пIалъэщIэр къыщызэIуахыну щыпIэу къыхахащ. Иджыпсту зыгъэпсэхупIэм а Iуэхум зыщыхуагъэхьэзыр, абы пыщIа дауэдапщэхэр дыгъэгъазэм и 4 – 7-хэм екIуэкIынущ.

Республикэм и Iэтащхьэм жэуап иритыжащ шынагъуэншагъэр къызэгъэпэщыным теухуауэ кърата упщIэми. А унэтIыныгъэм куэд щызэфIагъэкIащ, «Iуащхьэмахуэ» зыгъэпсэхупIэм и техникэ IэнатIэр зэрыщыту къагъэщIэрэщIэж. Апхуэдэу щытми, республикэм и зыгъэпсэхупIэ, зыгъэхъужыпIэ псоми щагъэткIияш кIэлъыплъакIуэ-къэпщытакIуэ лэжьыгъэр.

Республикэм инвестицэ къыхилъхьэн и лъэныкъуэкIэ щыIэ хэкIыпIэхэм ятеухуа упщIэм жэуап иритIэрэ, КIуэкIуэ Казбек жиIащ, илъэсым и сыт хуэдэ лъэхъэнэми зыщыбгъэпсэху хъууэ «Iуащхьэмахуэ» курортым и лэжьыгъэр зэтеухуэным теухуа проектыр гъэзэщIэным псори зэхэту сом мелард 60-м щIигъу зэрыхухахыр. Абыхэм ящыщу бюджетым щымыщ мылъкур сом мелард 35,5-рэ мэхъу, ахэр трагъэкIуэдэнущ иджыри цIыху мини 5,7-м щIигъу зыщIэхуэну зыгъэпсэхупIэхэр къызэгъэпэщыным.

КIуэкIуэ Казбек Урысейм и ТАСС хъыбарегъащIэ агентствэм и унафэщI Кондрашов Андрей Олег и къуэм, ТАСС-м и редакцэм, Кавказ.РФ гупым фIыщIэ яхуищIащ республикэм гулъытэ къызэрыхуащIым, зэрызэдэлажьэм папщIэ.

- ЩIымахуэм зызыгъэпсэхуну зыфIэфIхэр Iуащхьэмахуэ зэригъэгуфIэн зэфIэкI дызыхуэкIуэ къежэхыгъуэ лъэхъэнэми къызыкъуихыну си гугъэщ. Къэбэрдей-Балъкъэрым фыкъеблагъэ! – жиIащ щIыналъэм и Iэтащхьэм пресс-конфренцым и кIэм.

Ди IуэхущIапIэхэр утыку йохьэ

Жэпуэгъуэм и 9-10-хэм Ставрополь крайм и Минводы къалэм щыIэ «МинводыЭКСПО» гъэлъэгъуапIэм щекIуэкIынущ «In-Russia» 3-нэ дунейпсо зэхуэс-гъэлъэгъуэныгъэр. Къэралым и промышленностым зегъэужьыным теухуауэ абы щызэпсэлъэнущ промышленникхэр, инвесторхэр, властым и лэжьакIуэхэр.

КъБР-м ПромышленностымкIэ, энергетикэмрэ сатумкIэ и министерствэм къызэритамкIэ, гъэлъэгъуэныгъэм хэтынущ республикэм и IуэхущIапIэ пажэхэу «Шэджэм абдж завод», «Гипсолит», «Севкаврентген-Д», «Кавказпромкабель», «ПКФ Базис», «Тэрч Налмэс», «Бахъсэн-автозапчасть» заводхэр.

Метр зэбгъузэнатIэ мини 10-м нэблагъэ зыубыд «МинводыЭКСПО» гъэлъэгъуапIэм УФ-м Промышленностымрэ сатумкIэ и министерствэм, ди къэралым и щIыналъэхэм, промышленнэ IуэхущIапIэхэм я стендхэр щагъэувынущ, промышленнэ инфраструктурэм хуэунэтIа пэхуэщIэхэм плIанэпэхэр щыхухахынущ.

Министерствэм зэрыщыжаIамкIэ, зэхуэс-гъэлъэгъуэныгъэм хэтыну ди республикэм и лIыкIуэхэм Iэмал яIэнущ я продукцэхэмрэ зэфIэкIхэмрэ абы щагъэлъэгъуэну, щэхуакIуэхэр къыдахьэхыну, зэгурыIуэныгъэхэр иращIылIэну.

КЪУЭЖЕЙ Iэдэм.

КъулыкъущIапIэм и къалэнхэр яубзыхуащ

КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек хуэзащ «Росздравнадзор» щIыпIэ къулыкъущIапIэм и къудамэу КъБР-м щыIэм и унафэщI Ахматов Азэмэт.

ЗэIущIахэр тепсэлъыхьащ къулыкъущIапIэм ди щIыналъэм щригъэкIуэкI кIэлъыплъыныгъэ лэжьыгъэхэм. ЗэпыщIэныгъэхэр нэхъыбэ зэращIыным, мы лъэныкъуэм епхауэ щыIэ лъэпкъ проектхэр къэбгъэщхьэпэ зэрыхъунум я гугъу ящIащ.

Гулъытэ щхьэхуэ хуащIащ медицинэ дэIэпыкъуныгъэхэр нэхъ нэгъэсауэ цIыхубэм яIэрыхьэн, езыхэри нэхъ шынагъуэншэ щIын зэрыхуейм, хущхъуэхэмрэ зыхуей дохутырхэмрэ ягъуэту, бжыгъэхэр зи лъабжьэ IэмэпсымэхэрI къагъэщхьэпэфу.

Узыфэ зэрыцIалэхэм я хущхъуэгъуэ лъэщщ

Налшык къалэ дэт поликлиникэ №1-м щекIуэкIащ узыфэ зэрыцIалэхэм земыгъэубгъунымкIэ вакцинэр къэгъэсэбэпыным иIэ мыхьэнэм, язынықъуэхэм апхуэдэ мастэхэр зыхегъэлъхьэныр щIамыдэм и щхьэусыгъуэ нэхъыщхьэхэм ятеухуа зэIущIэ.

ЩIЫНАЛЪЭМ и дохутырхэм къищынэмыщIауэ, я еплъыкIэр къагъэлъагъуэу, видеозэпыщIэныгъэм и Iэмалхэр къагъэсэбэпу, зэIущIэм къыщыпсэлъащ ди къэралым педиатриемкIэ, иммунологиемкIэ, узыфэ зэрыцIалэхэмкIэ и щIэныгъэлI, IэщIагъэлI цIэрыIуэхэр.

- Дэ ди къалэнщ республикэм щыпсэу дэтхэнэми и узыншагъэр тхъумэныр икIи узыфэ зэрыцIалэхэм уазэрыпэщIэтыну хущхъуэгъуэ нэхъ лъэщыр вакцинэрщ, - жиIащ КъБР-м узыншагъэр хъумэнымкIэ и министр Къалэбатэ Рустам. - Фигу къэзгъэкIыжынщи, вакцинэр цIыхухэм яхэлъхьэнымкIэ щыIэ лъэпкъ махуэгъэпсыр фэгъазэ, щIыфэкъикI, полиомиелит, нэгъуэщI узыфэ зэрыцIалэ шынагъуэхэр мыятэнымкIэ шэсыпIэщ. Гулъытэ хуэсщIу сыкъытеувыIэну сыхуейт иджыблагъэ УнэтIыныгъэ куэду зэхэт республикэ сабий клиникэ центрым хуэш узыфэр зыпкърыт сабийр зэрыщагъэхъужам. Иужьрей илъэс 30-м къриубыдэу иджы япэу къэхъуа Iуэхущ ар. Ди дохутырхэм я зэфIэкIымрэ иджырей Iэзэгъуэ Iэмалыщ Iэхэмрэ я фIыгъэкIэ щIалэ цIыкIур ягъэхъужащ. Ар и щыхьэтщ вакцинэкIэ узыпэщIэтыфыну узыфэ зэрыцIалэхэр зыпкърытхэм и чэзум ягъуэтын хуей хущхъуэгъуэр ирамыхьэлIэмэ, къашэнкIэ хъуну шынагъуэм. Апхуэдэ къэмыгъэхъунымкIэ щыIэ хэкIыпIэхэм, абы и лъэныкъуэкIэ IэщIагъэлIхэм я еплъыкIэхэм нэхъ кууэ зыщыдгъэгъуэзэным, вакцинэм теухуауэ кърахьэкI хъыбарыпцIхэм лъабжьэ зэрамыIэр къэдгъэлъэгъуэным теухуауэ аращ мы зэхыхьэр.

Медицинэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, профессор Захаровэ Иринэ тепсэлъыхьащ сабий узыфэ куэд зэрахуэгъэхъужым, гриппым зэрыпэщIэт мастэм и мыхьэнэм. Абы къыхигъэщащ, зэрагугъэм хуэдэу, а мастэм гриппым и лIэужьыгъуэ псоми уазэрыщимыхъумэр, вакцинэр абы и штамм щхьэхуэ гуэрым хуэгъэзауэ зэрыщытыр. Апхуэдэу щIэныгъэ лэжьакIуэм къигъэлъэгъуащ гриппым и хущхъуэу къэралым къыщыщIагъэкIхэм фIагъыщхуэ зэраIэр. Профессор Продеус Андрей и гугъу ищIащ сабийм и иммунитетыр зэрызэфIэувэм, абы и лъэныкъуэкIэ вакцинацэм игъэзащIэ мыхьэнэм. Медицинэ щIэныгъэхэмкIэ доктор Чеботарёвэ Татьянэ зи иммунэ зэхэлъыкIэм дагъуэ иIэ сабийхэм вакцинэр зэрезэгъынум теухуа упщIэм жэуап щритым жиIащ узыфэ зэрыцIалэхэм зэрапэщIэт мастэр нэхъыбэм хебгъалъхьэ зэрыхъунур, уеблэмэ IэмалыншэуI зэрыщытыр, ауэ дэтхэнэми бгъэдыхьэкIэ щхьэхуэ зэрыхуейр икIи дохутыр-иммунологым и чэнджэщым тету ар зэрагъэзэщIапхъэр.

Ислъам хабзэмкIэ хьэдисхэр, къэрал хабзэхэр, юриспруденцэм и лъабжьэхэр джын унэтIыныгъэхэмкIэ щIэныгъэхэм я доктор Ауумэ Мухиддин и гугъу ищIащ вакцинэр зыхрамыгъэлъхьэным дин фIэщхъуныгъэхэр щхьэусыгъуэ зэрыхуащIым лъабжьэ зэримыIэм.

ЗэIущIэм щагъэлъэгъуащ вакцинэм теухуа хъыбарыпцIхэр хэту социальнэ напэкIуэцIхэм къыщрахьэкI видеотеплъэгъуэхэр. КъБР-м УзыншагъэрI хъумэнымкIэ и министерствэм штатым хэмыт и IэщIагъэлI нэхъыщхьэхэм жаIащ апхуэдэ теплъэгъуэхэм цIыхухэр зэрагъэжакъуэр, пэжагъ гуэри абыхэм зэрахэмылъыр наIуэ къащIу тепсэлъыхьахэщ. IэщIагъэлIхэм къыхагъэщащ цIыхубэм я узыншагъэр хъумэнымкIэ вакцинэм къалэнышхуэ зэригъэзащIэр икIи адэ-анэхэр къыхураджащ апхуэдэ хъыбархэр, видеотеплъэгъуэхэр я фIэщ ящIу я сабийхэм я зэран ирамыгъэкIыжыну.

ЩХЬЭЩЭМЫЩI Изэ.

● Дзэ Iуэху

Къулыкъум ираджэхэр

ХъыбарегъащIэ IэнатIэм и лэжьакIуэхэм къытIущIащ КъБР-м и дзэ комиссар Пахомов Дмитрийрэ зэухылIэныгъэ (контракт) щIыкIэм тету армэм хагъэхьэхэм я дэфтэрхэм щыхэплъэ IуэхущIапIэм и унафэщI Дмитриев Виталийрэ.

АДРЕЙ илъэсхэми хуэдэу, 2025 гъэм и бжьыхьэ-щIымахуэ лъэхъэнэм къриубыдэу зи армэ дэкIыгъуэхэр дзэ къулыкъум пэрагъэувэнущ жэпуэгъуэм и 1-м къыщыщIэдзауэ дыгъэгъазэм и 31 пщIондэ. Iуэхур тращIыхьащ УФ-м и Президентым къыдигъэкIа унафэм. Лэжьыгъэр щызэкIэлъагъэкIуэну Къэбэрдей-Балъкъэрым мы зэманым щолажьэ дзэм дэзыш комиссэу 14: зыр - республикэм и къалащхьэм, пщыкIущыр - районхэм.

Дзэм яшэну къызытехуэр

- Зи гугъу тщIа пIалъэм къриубыдэу, бжьыхьэ дэшыгъуэм хедгъэубыдэн хуейуэ республикэм къытхуагъэуvар цIыху 800-щ. Ахэр жэпуэгъуэм и 1-м къыщыщIэдзауэ гуп-гупурэ, зым иужь адрейр иту, автобускIи, гъущI гъуэгукIи, уеблэмэ кхъухьлъатэхэмкIи (нэхъ жыжьэ кIуэнухэр) доутIыпщ, - къыхигъэщащ дзэ комиссарым.

Япэрейхэми хуэдэу, иджырей дэшыгъуэм хэхуэхэр ягъакIуэ ди къэралым и щIыналъэхэу къуэкIыпIэмкIэ нэхъ тпэжыжьэхэм ящыщ Камчаткэм деж къыщыщIэдзауэ къухьэпIэмкIэ нэхъ пыIудзауэ щыдиIэ Калининград областым нэсыху я зэхуаку дэлъ дэтхэнэми.

Ди республикэм щыщу иджырей дэшыгъуэм хиубыдэхэм я нэхъыбэр зыхэхуэр лъэсыдзэр арами, щIалэхэм къахокI хыдзэм хагъэхьэхэри. Иужьрейхэм къулыкъу щрахьэкI хы Хуэмым, Балтикэ тенджызым, хы ФIыцIэм. ЩыIэнущ хьэуа-десант, хьэршыдзэм, лъэпкъ гвардием, гъущI гъуэгум епхам ираджэхэри. Армэр хуейщ Урысейм и ДОСААФ-ми нэгъуэщI абы хуэдэ еджапIэхэми ягъэхьэзыра, С категорие зиIэ машинэзехуэхэми.

ЩIалэхэр щызэхуашэс щIыпIэхэм гуфIэгъуэ щIыкIэм тетущ зэрыIуашыр. Дэтхэнэри, емыжьэ щIыкIэ, дзэм зэрыхэтыну щыгынхэмкIэ къызэрагъэпэщ, гъуэгум щагъашхэ, къулыкъу щрахьэкIыну щIыналъэхэм пщIэ щIамыту нашэс, здынэсам гъэмахуэ-щIымахуэ фащэхэмкIи щахуапэ.

Армэм ираджэну къатохуэ зи ныбжьыр илъэс 18-м фIэкIахэми колледжхэмрэ еджапIэ нэхъыщхьэхэр къэзыухахэми. АрщхьэкIэ, еджапIэ нэхъыщхьэ е IэщIагъэ хэха щызрагъэгъуэт колледжхэм щIэтIысхьахэр зэман пыухыкIакIэ (я еджэгъуэр яухыху) дзэм ираджэркъым. ПIалъэкIэ дамышыну хуитыныгъэ яIэщ IэщIагъэ щызрагъэгъуэт еджапIэхэмрэ университет-институтхэмрэ щIэсхэми.

КъБР-м и дзэ комиссарым къызэрыджиIам тетщIыхьмэ, армэм ираджэхэр дзэ Iуэху хэха щекIуэкI щIыпIэхэм яшэнукъым, къэралым къыхагъэхьэжагъащIэ щIыналъэхэми къулыкъу щрагъэхьэкIынукъым, езыхэм я фIэфIыныгъэ халъхьэу а Iуэхум щыхуагъэхьэзыр дерсхэм пхымыкIауэ. Апхуэдэхэри, зыхуагъэпсыну Iуэхум фIыуэ щыгъуазэ хуамыщIауэ, зэпэщIэувэныгъэ гуащIэ щекIуэкI щIыпIэхэми къэралым и щIыналъэщIэхэми яшэнукъым. Дауи, УФ-м и щIыналъэхэу гъунапкъэм еуалIэхэм я Iуэху зыIутыр нэгъуэщIщ. Абдежым къулыкъу щезыхьэкIхэм ди щIалэхэри щахэхуэ щыIэщ.

- Республикэм и дзэ комиссэхэм къетшалIэхэращ цIыху 800-м нэблагъэр къызыхэтшри. ДэркIэ нэхъапэр дзэм дгъакIуэхэм узыншагъэ тэмэм яIэнырщ. Я узыншагъэр хуэхъумэ хыдогъэхьэ, хуэмыхьэзырхэр доутIыпщыж. КъинэмыщIауэ, дзэм къулыкъу щезыхьэкIыну къызылъысхэм ящыщу зызыгъэпщкIухэм тезыру тралъхьэм хуэдэ IэджэкIэ хагъэхъуащ. Нэхъапэхэм апхуэдэм зэретхьэкъуу щытар сом 500 - 1000-м щIимыгъуу щытамэ, иджы ар нагъэблэгъащ сом мин 30 - 40-м, - игъэбелджылащ Пахомовым.

ЗэухылIэныгъэм ипкъ иту

ЗэрызэгурыIуам тету, дзэм къулыкъу зэрыщрахьэкIым хуэгъэзауэ журналистхэм ди упщIэхэм жэуап къезытар ищхьэкIэ зи гугъу тщытщIа Дмитриев Виталийщ.

- Фызэрыщыгъуазэщи, 2023 гъэм и гъатхэм къыззэдгъэпэщауэ Къэбэрдей-Балъкъэрым зы махуэ къэмынэу щолажьэ зэухылIэныгъэкIэ дзэм къулыкъу щезыхьэкIыну хуейхэр здекIуалIэ хэщIапIэ. Ар зэтраухуащ, екIуалIэ дэтхэнэми а махуэ дыдэм зыщIэупщIэ псомкIи чэнджэщ щратыфын хуэдэу. Iухьэхэм къулыкъум нэхъ зыщыхуагъэхьэзырыну хуейуэ къагъэлъагъуэр, зэрызэкIэлъыкIуэм хуэдэу къедбжэкIынщи, Ставрополь крайм щыIэ хьэуа-десант дзэм и хэщIапIэрщ, Осетие Ищхъэрэ-Аланием и къалащхьэм пэгъунэгъуу щыIэ Тарскэ къуажэ цIыкIум къегъэщIылIа мотострелковэ полкырщ, Волгоград къыщызэрагъэпэща полкыщIэрщ, - жиIащ Дмитриев Виталий.

Езым и фIэфIыныгъэкIэ дзэм зэгурыIуэныгъэ езыщIылIэм къэралым зыкъызэрыщIигъакъуэм щыщщ «Ветеранхэм яхуэгъэзауэ» федеральнэ хабзэм къызэрыщагъэлъэгъуауэ, ЗыхъумэжыныгъэмкIэ министерствэм и мылъкукIэ фэтэр зыIэригъэхьэну зэрыхуитыр, езыми и унагъуэм щыщхэми я узыншагъэм щыкIэлъыплъ хъуну IуэхущIапIэхэм пщIэ щIамыту зыщрагъэIэзэну Iэмал зэраIэр, еджапIэ нэхъыщхьэхэм, зэпеуэм хэмыту икIи пщIэншэу, щIэтIысхьэну хуит зэращIыр.

- УФ-м ЗыхъумэжыныгъэмкIэ и министерствэм къытхуигъэува къалэнхэм ящыщщ дзэ Iуэху хэхам езыхэм я фIэфIыныгъэкIэ кIуэну хуейхэм гуп щхьэхуэхэр къахэтхыныр, - къыпещэ и псалъэм Пахомов Дмитрий. – ЗэухылIэныгъэм къыщыгъэлъэгъуа пIалъэр, я нэхъ мащIэ дыдэрауэ, зы илъэсщ, нэгъуэщIу жытIэмэ, апхуэдизщ е абы нэхърэ нэхъыбэщ.

ЗэрызэраухылIа щIыкIэм тету дзэм къулыкъу щезыхьэкIынухэм УФ-м ЗыхъумэжыныгъэмкIэ и министерствэм абы теухуа зэгурыIуэныгъэ иращIылIэ. Хабзэм тещIыхьа а дэфтэрым Iэ щIадзыну хуитщ зи дэкIыгъуэу армэм дашхэми, дзэм хэтауэ къыхэкIыжахэми, цIыхубзхэми, хамэ къэрал щыщхэми. ЗэгурыIуэныгъэ зращIылIэхэр къыхах къэралым и федеральнэ хабзэ №53-мрэ УФ-м и Президентым дзэм къулыкъу щехьэкIынымкIэ 1999 гъэм фокIадэм и 16-м къыдигъэкIа Унафэ №1237-мрэ япкъ иткIэ.

Хабзэм къызэрыщыгъэлъэгъуамкIэ, дзэм зэгурыIуэныгъэ ирищIылIэфынущ зи ныбжьыр илъэс 18-м къыщегъэжьауэ 60-м фIэмыкIа дэтхэнэми (офицерхэм я ныбжьыр илъэс 65-м нэсыхукIэ).

Къэралыр зэрыщыту къатщтэмэ, дзэм ираджэхэм къыхузэрагъэпэщ дзэр щаIыгъ хабзэ хэщIапIэщIэхэр (частыщIэхэр), мыдрейхэр щыIэхэм трагуашэ.

ЗэгурыIуэныгъэ зэрызэпщIылIэ хъунум хуэгъэза хъыбархэр щIыналъэ псоми щызэбгрезгъэхыр «ЦУР» (Центр управления региона) фIэщыгъэр ирату 2022 гъэм дэнэкIи къыщызэрагъэпэща IуэхущIапIэхэрщ.

Тхыгъэри сурэтри **КЪУМАХУЭ Аслъэн** *ейщ.*

БАЛЪКЪЫЗ Артур: Къалэнхэр куэдщ, тхузэфIэкIари мащIэкъым

Бахъсэн районыр Къэбэрдей-Балъкъэрым и щIыналъэ нэхъ инхэм, республикэм и экономикэм зегъэужьыным хэлъхьэныгъэфI хуэзыщIхэм ящыщщ. Щыналъэм щымащIэкъым республикэр зэрыгушхуэ цIыху щыпкъэхэр: еджагъэшхуэхэр, щIэныгъэлIхэр, щэнхабзэм, гъуазджэм, нэгъуэщI IэнатIэхэм я лэжьакIуэхэр, спортсмен цIэрыIуэхэр.

Районым жыджэру зыщаужь мэкъумэш хозяйствэм, социальнэ IэнатIэхэм, спортым, нэгъуэщIхэми. Абыхэм я Iуэху зыIутым, Бахъсэн щIыналъэм нобэ хузэфIэкIымрэ къыпэщылъ къалэнхэмрэ тхутопсэлъыхь район администрацэм и унафэщI Балъкъыз Артур.

- Артур, Бахъсэн щIыналъэ администрацэм къалэн куэд и пщэ зэрыдэлъыр шэчыншэщ. Абыхэм ящыщу иджыпсту япэ игъэщауэ зэфIэгъэкIыпхъэу сыт хуэдэхэр къыхэбгъэщхьэхукIын?

- Мы гъэм, илъэс къэси хуэдэу, Бахъсэн щIыналъэр зэлэжьын и гъунэжщ. Псом япэу къыхэзгъэщынщи, Хэкум и хъумакIуэм и илъэсыр, абы къыдэкIуэу, ТекIуэныгъэ Иныр илъэс 80 зэрырикъуар гъэлъэпIэнымкIэ лэжьыгъэ пыухыкIахэр едгъэкIуэкIащ. Ди дежкIэ жэуаплыныгъэ ин зыпылъ Iуэхущ ахэр.

Районым и экономикэм, социальнэ IэнатIэм, инфраструктурэм зегъэужьыным ехьэлIауэ, зэрыжаIэу, махуэ къэс едгъэкIуэкI лэжьыгъэхэм къадэкIуэу, гулъытэ хэха худощI щалъхуа лъахэр фIыуэ ялъагъуу, хэкупсэу ди щIалэгъуалэр къэгъэхъуным. Ди къэралым и тхыдэм цIыхухэм пщIэ хуащIыным, лIыхъужьхэм я фэеплъыр хъума хъуным дытолажьэ.

Апхуэдэуи защIыдогъакъуэ дзэ Iуэху хэхам хэтхэмрэ абыхэм я унагъуэхэмрэ. Сыт хуэдэ IуэхукIэ зыкъытхуамыгъазэми, дэ дыхущIокъу ахэр къызытекIухьахэр тэмэму зэрызэфIэдгъэкIыным, арэзы зэрытщIыным. Ди Хэкур яхъумэу псэзэпылъхьэпIэ нобэ Iут ди щIалэхэм дадэIэпыкъуныр ди къалэн нэхъыщхьэхэм ящыщщ.

А псом къадэкIуэу, Бахъсэн щIыналъэ администрацэм и лэжьыгъэр нэхъыбэу зыхуэунэтIар ди цIыхухэм я псэукIэр егъэфIэкIуэнырщ, тыншыпIэхэр къахузэгъэпэщынырщ, хуэмыщIахэм зэрытхузэфIэкIкIэ защIэгъэкъуэнырщ. Махуэ къэс едгъэкIуэкI лэжьыгъэхэм хохьэ ахэр псори.

- Дзэ Iуэху хэхам хэтхэмрэ районым ис щIалэгъуалэр хэкупсэу къэгъэтэджынымрэ ехьэлIауэ евгъэкIуэкI лэжьыгъэхэм нэхъ зэпкърыхауэ укъытхутепсэлъыхьамэ арат.

- ИщхьэIуэкIэ зэрыщыжысIащи, СВО-м щыIэ, къэралым и цIыхухэм я сэбэп зыхэлъхэр зыхъумэ ди щIалэхэм гулъытэ яхуэщIыныр, шэч хэмылъу, ди къалэн нэхъыщхьэхэм хохьэ. Дзэ Iуэху хэхам зэрыщIидзэрэ хьэпшып, ерыскъы, щыгъын, хущхъуэ, н.къ., псори зэхэту тонн 30 хуэдиз, сом мелуан 20-м щIигъу я уасэу, яхуегъэшэгъуэ 16-кIэ абыхэм яIэрыдгъэхьащ.

Дзэ Iуэху хэхам хэтхэм оборудованэ зэхуэмыдэхэр, зезыгъакIуэр зэрымыс кхъухьлъатэхэр, гъуэгуей щIыпIэхэм щызекIуэф машинэ лъэщхэр, генераторхэр, нэгъуэщI IэмэпсымэхэР къахуэтщэхуащ.

СВО-м хэтхэр дгъэгушхуэн, абыхэм я гукъыдэжыр къэтIэтын мурадкIэ, ди районым хыхьэ къуажэхэм я администрацэхэм я унафэщIхэмрэ ди администрацэм и лэжьакIуэхэмрэ дзэ Iуэху хэхар щекIуэкI щIыпIэм мызэ-мытIэу дыщыIащ. Апхуэдэхэм деж ди щIалэхэм захудогъазэ, допсалъэ.

Абыхэм нэмыщI, къыхэзгъэщыну сыхуейт, СВО-м хэтхэм я бынхэу 5 - 11-нэ классхэм щеджэхэри пщIэ щIамыту махуэ къэс ерыскъы пщтыркIэ къызэрызэдгъэпэщыр. Школ кIуэгъуэ ныбжьым нэмыса сабий зиIэ адэ-анэхэм я бынхэр садхэм зэрыщаIыгъым пщIэ щIедгъэтыркъым. Апхуэдэу, дзэ Iуэху хэхам ираджахэм я бынхэр Бахъсэн районым и курыт еджапIэхэм е сабий садхэм щрагъэтхым деж, псом япэ ахэр идогъэщ.

ЖыпIэнурамэ, СВО-м хэтхэми абыхэм я унагъуэхэм щыщхэми зэрытхузэфIэкIкIэ ди нэIэ ятедгъэтщ, щIэхщIэхыурэ дахуозэ, щытыкIэ гугъу ихуахэм дадоIэпыкъу.

- Хабзэ зэрыхъуащи, Бахъсэн районым и мэкъумэш хозяйствэр пэрытхэм хабжэ. Сыт хуэдэ ехъулIэныгъэхэр щывиIэ а IэнатIэм мы зэманым?

- Районым и экономикэм хэлъхьэныгъэфI хуэзыщI IэнатIэхэм яхохьэ мэкъумэш хозяйствэр, ди администрацэми абы сыт щыгъуи гулъытэ хэха хуещI. ЩIыналъэм и мэкъумэш-промышленнэ комплексым и ехъулIэныгъэхэр ди тегъэщIапIэу жытIэ хъунущ мэкъумэш IэнатIэм нобэ шэщIауэ зиужьу, унэтIыныгъэ нэхъыщхьэхэмкIэ хэхъуэхэр щыIэу.

Бахъсэн районым а и IэнатIэм лъабжьэфIхэр иIэщ. Псалъэм папщIэ, мэкъумэшым хухэха щIыр псори зэхэту гектар 61134-рэ мэхъу, абы щыщу гектар 31473-м гъавэ тращIэ, гектар 6034-м пхъэщхьэмыщхьэ жыгхэр щыхасащ, гектар 10957-р мэкъупIэщ, гектар 12670-р Iэщ хъупIэу яIыгъщ.

ЩIыналъэм Iэщышхуэу диIэ щхьэ бжыгъэм процентi 9,9-кIэ хэхъуащ нэгъабэ и иджы хуэдэ пIалъэм щыIа бжыгъэхэм елъытауэ икIи псори зэхэту 47308-рэ хъуащ, абы щыщу 21151-р жэмщ. Лырэ джэдкъазылу къалэжьар тонн 22231-рэ хъуащ, гъэшу къашар тонн 113302-рэ, джэдыкIэу кърахащ 46426-рэ.

Бжьыхьэсэ гуэдзыр гектар 3781,1-м щызэщIакъуэжащ, псори зэхэту тонн 226,86,6-рэ къытрахащ, зы гектарым ику иту центнер 60 хуэзэу. Хьэр гектар 913-м щыIуахыжащ. Абы псори зэхэту тонн 4565-рэ къытекIащ, зы гектарым центнер 50 хуэзэу.

Пхъэщхьэмыщхьэмрэ мэракIуэ лIэужьыгъуэхэмрэ щызэщIакъуэжащ гектар 4000-м икIи псори зэхэту тонн 224560-рэ къыпачыжащ, зы гектарым центнер 560-рэ къытекIыу. МэракIуэIэрысэу къащыпащ зы тонным щIигъу, зы гектарым ику иту центнер 344-рэ къытекIыу. Джэш хъурейри къыдэхъулIауэ жыпIэ хъунущ, ар щызэщIакъуэжащ гектар 805-м.

Мэкъумэш IэнатIэмрэ ерыскъыхэкIхэр къыщIэзыгъэкI IуэхущIапIэхэмрэ я лэжьакIуэхэм я махуэм ипэ къихуэу сехъуэхъуну сыхуейщ Бахъсэн щIыналъэм и экономикэм зегъэужьыным зи гуащIэ хэзылъхьэ дэтхэнэ зыми. Узыншагъэ быдэ яIэну, зыпэрыт IэнатIэм ехъулIэну, берычэтым щымыщIэну си гуапэщ.

- Егъэджэныгъэ IэнатIэм зегъэужьыным ехьэлIауэ сыт хуэдэ лэжьыгъэхэр щекIуэкIрэ районым?

- Ди администрацэм лэжьыгъэ куэд ирегъэкIуэкI къытщIэхъуэ щIэблэр тэмэму гъэсэным, щIэныгъэ куу егъэгъуэтыным хуэунэтIауэ.

Псалъэм папщIэ, лъэпкъ пэхуэщIэхэмрэ къэрал программэхэмрэ я фIыгъэкIэ ехъулIэныгъэфIхэр диIэ хъуащ иужьрей илъэсхэм. ЖыпIэнурамэ, Куба къуажэм курыт еджапIэщIэ щаухуащ, Кыщпэк и школымрэ сабий садитIрэ къызыхуэтыншэу зэрагъэпэщыжащ, «ЕхъулIэныгъэм и къежьапIэ» центрхэр школ псоми къыщызэIуахащ, гъуэлъыпIэ 240-рэ зыщIэхуэ унэхэр сабий нэхъ цIыкIухэм папщIэ садхэм къыпащIыхьащ, еджакIуэхэм я жэрдэмхэм щыхэплъэ, ахэр щыпхагъэкI центрхэр къызэIуахащ, нэгъуэщI куэди щызэфIагъэкI а унэтIыныгъэм.

Егъэджэныгъэм и инфраструктурэр егъэфIэкIуэным ехьэлIа Iуэхухэм адэкIи пытщэнущ. «КъБР-м и школхэм я лэжьыгъэр егъэфIэкIуэн» къэрал программэм ипкъ иткIэ 2026 - 2027 гъэхэм сабий саду 2, курыт еджапIэу 9 къызыхуэтыншэу зэрагъэпэщыжынущ. Апхуэдэуи районым щынэхъ жьы дыдэ курыт еджапIэхэм ящыщу ХьэтIохъущыкъуей къуажэм дэтыр илъэситI пIалъэм къриубыдэу зыхуей хуагъэзэнущ.

Ахэр псори хуэунэтIащ Бахъсэн щIыналъэм щыпсэу цIыкIухэм щIэныгъэфI егъэгъуэтыным, зэчиифIэхэм нэсу зыкъызэкъуегъэхыным, я къэухьым хагъэхъуэным.

«Пэрытхэм я зэщIэхъееныгъэ» зэгухьэныгъэм и къудамэхэр районым жыджэру щолажьэ. Псалъэм папщIэ, «Пэрытхэм я зэщIэхъееныгъэм» къызэригъэпэща урысейпсо зэхьэзэхуэм щытекIуащ Къулъкъужын Ипщэ, Бахъсэненкэ, Ислъэмей къуажэхэм я курыт еджапIэхэр икIи гранту сом мин щищщищ къахьащ.

Куба къуажэм дэт курыт еджапIэ №1-мрэ Кыщпэк и школымрэ мы гъэм фокIадэм и 1-м мэкъумэш классхэр къыщызэIуахащ. Инвестицэ пэхуэщIэр къыхилъхьащ КъБР-м Мэкъумэш хозяйствэмкIэ и министерствэм.

Апхуэдэуи еджапIэхэм гулъытэшхуэ хуащI олимпиадэхэм зыхуагъэхьэзырыным. Псалъэм папщIэ, муниципалитетхэм ирагъэкIуэкI апхуэдэ зэпеуэхэм хэтащ 7 - 11-нэ классхэм щеджэу 1292-рэ. ЩIыналъэ Iыхьэм ягъэкIуащ абыхэм къыщыхэжаныкIа еджакIуи 115-рэ, япэ увыпIищыр къэзызыхьахэм 25-р яхэхуащ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Iэтащхьэм щIыналъэ олимпиадэхэм щытекIуахэм щхьэкIэ игъэува саугъэтым хуэдитIкIэ хагъэхъуащ. ТекIуэныгъэхэр къэзыхьа ныбжьыщIи 10-мрэ абыхэм я егъэджакIуэхэмрэ сом мин щэщI-щэщI иратащ. ЕджакIуэ зэчиифIэу 10-м Бахъсэн щIыналъэ администрацэм и унафэщIым и сертификатхэр хуагъэфэщащ. Плехановым и цIэр зезыхьэ Урысей экономикэ университетым и къудамэу Псыхуабэ къалэм дэтым зэгурыIуэныгъэ етщIылIащ икIи ди деж икIауэ абы щIагъэтIысхьэхэр къыщыхахкIэ япэ ирагъэщынур СВО-м хэтхэм я сабийхэмрэ зэчиифIэхэмрэщ.

- Артур, къуажэхэр зэIузэпэщ щIыным хуэунэтIауэ екIуэкI лэжьыгъэхэми укъытхутепсэлъыхьамэ, арат.

- Къуажэхэр зыхуей хуэгъэзэным, псэупIэхэр ухуэным ехьэлIа лэжьыгъэшхуи щокIуэкI районым. Псалъэм папщIэ, Бахъсэненкэ къуажэм и курыт еджапIэ №1-м къедза щIыпIэр, цIыху куэд щызекIуэр, къэдгъэщIэрэщIэжащ. Апхуэдэ лэжьыгъэхэр щекIуэкIащ Къулъкъужын Ипщэми. Абы цIыхухэр куэду щызэхуэс и щIыпIэр зыхуей хуагъэзащ, къуажэдэсхэм тыншу зыщагъэпсэхун хуэдэу къызэрагъэпэщащ.

КъБР-м Мэкъумэш хозяйствэмкIэ и министерствэм и нэIэ щIэту лажьэ «Къуажэ щIыпIэхэм лъэныкъуэ псомкIи зегъэужьын» лъэпкъ пэхуэщIэм ипкъ иткIэ Бахъсэнёнкэ къуажэм иджырей физкультурэ комплекс щаухуэ, сабии 140-рэ зыщIэхуэн сабий сад дращIей, спорт утыкур хьэзыр хъуащ. Апхуэдэуи ветеринар клиникэ къуажэм щаухуэ.

- Щэнхабзэ IэнатIэми дызыщыгуфIыкIын зэхъуэкIыныгъэхэр зэрыщыIэм шэч къытетхьэркъым. Сыт хуэдэ Iуэхухэр нэхъ къыхэбгъэщынт абы и лъэныкъуэкIэ?

- Псом япэ изгъэщынщи, Псыхъурей къуажэм ЩэнхабзэмкIэ унэ щаухуэ, модельнэ библиотекэ жыхуаIэм хуэдэ, районым щыетIуанэу, Ислъэмей къуажэм къыщызэIутхащ. Бахъсэненкэ и библиотекэри къызыхуэтыншэу зэрагъэпэщыжащ.

«Унагъуэ» лъэпкъ пэхуэщIэм ипкъ иткIэ Зеикъуэ къуажэм гъуазджэмкIэ и сабий еджапIэр зэрагъэпэщыж. ПэхуэщIэм къызэрыщыгъэлъэгъуамкIэ, иджыпсту щыт унэр зэIузэпэщ ящI къудей мыхъуу, абы унэщIэ къыбгъуращIыхь. Шэч хэмылъу, еджапIэм и зэфIэкIым абы хигъэхъуэнущ. Гугъэ щыIэщ дызэрыт илъэсым и кIэхэм лэжьыгъэхэр зэфIагъэкIыну.

- ЩIалэгъуалэм папщIэ сыт хуэдэ лэжьыгъэхэр евгъэкIуэкIрэ?

- ЩIалэгъуалэм и центру ХьэтIохъущыкъуей къуажэм щаухуэр и кIэм ноблагъэ. Псори зэхэту ар метр зэбгъузэнатIэ 360-рэ мэхъу, езыр къуажэкум дэтщ. Абы хохьэ конференц-залхэр, лекториехэр, мастерскойхэр. Иджыпсту къагъэщIэрэщIэжащ инженер коммуникацэхэр, бжэщхьэгъубжэхэр, кърашIыкI пэшхэр. Абыхэм къадэкIуэу, унэлъащIэхэмрэ обрудованэхэмрэ щагъэувэ.

Iуэхугъуэ зэхуэмыдэхэр, мастер-классхэр, зэIущIэхэр щызэхэпшэ хъунущ мыбы. Псом нэхърэ нэхъыщхьэращи, щIалэгъуалэм Iэмал яIэнущ я жэрдэмхэр щагъэзэщIэну.

Шэч къытесхьэркъым, районым и щIалэгъуалэм я зэхуэзапIэ а центрыр зэрыхъунум. Ар къызэIуахынущ мы гъэм и щэкIуэгъуэм.

- Къэралым узыншагъэр хъумэн и IэнатIэм зэхъуэкIыныгъэшхуэ егъуэт, ар нэрылъагъуу йофIакIуэ. Бахъсэн щIыналъэм и Iуэху сыт хуэдэ абы и лъэныкъуэкIэ?

- Пэж дыдэу, узыншагъэр хъумэн IэнатIэм мыхьэнэшхуэ дэнэ щIыпIэкIи щрат. Дэри зэхъуэкIыныгъэфIхэр диIэщ. «Жыджэру илъэс куэдкIэ псэун» лъэпкъ пэхуэщIэм хыхьэ «Узыншагъэр хъумэн IэнатIэм и IуэхущIапIэхэу цIыхухэм япэу зызыхуагъэзэхэр егъэфIэкIуэн» щIыналъэ программэм ипкъ иткIэ Къубэ-Тэбэ къуажэм амбулаторэщIэ къыщызэIуахащ. Ар иджырей медицинэ оборудованэхэмкIэ къызэгъэпэщащ икIи абыхэм я фIыгъэкIэ Iэмал щыIэщ фIагъ лъагэ зиIэ медицинэ дэIэпыкъуныгъэхэр ди цIыхухэм егъэгъуэтынымкIэ.

Апхуэдэуи Къулъкъужын Ипщэм дэт амбулаторэри къызыхуэтыншэу зэрагъэпэщыж.

Мыбдежым КъБР-м УзыншагъэР хъумэнымкIэ и министерствэм фIыщIэ хуэсщIыну сыхуейт ди районым и къуажэхэм лэжьыгъэ купщIафIэ зэрыщригъэкIуэкIым, ди жэрдэмхэр къызэрыддиIыгъым папщIэ.

- Шэч хэлъкъым районым и экономикэм и зыужьыныгъэмкIэ, цIыхухэм я псэукIэр зыхуэдэнумкIэ гъуэгухэм я щытыкIэм куэд зэрелъытам. Абы теухуауэ сыт къыджепIэн?

- ЩIыналъэм и гъуэгу инфраструктурэр егъэфIэкIуэным жыджэру дытолажьэ иужьрей илъэсхэм. ПэхуэщIэ нэхъ ин дыдэу иджыпсту ди деж щагъэзащIэр Куба – Псыхъурей – Кременчуг-Константиновскэ жылэхэр зэпызыщIэ автомобиль гъуэгур къызыхуэтыншэу зэгъэпэщыжынырщ. Ар километри 3-м нэблагъэ мэхъу, Садовэ, Советскэ уэрамхэм ирикIуэу.

Мы гъуэгум мыхьэнэшхуэ иIэщ - абы ухуешэ курыт еджапIэм, сабий садым, администрацэм и хэщIапIэм, ЩэнхабзэмкIэ унэм, нэгъуэщIхэми йокIуалIэ. Зэгъэпэщыжыныгъэ лэжьыгъэм хыхьэу асфальтрэ бетонрэ зэхэлъу гъуэгущхьэм тралъхьэнущ, лъэс лъагъуэхэр яукъуэдиинущ, иджырей уэздыгъэхэр щыфIадзэнущ. ЦIыхухэм я шынагъуэншагъэр къызэрагъэпэщу, гъуэгу дамыгъэхэр, къэухьхэр щагъэувынущ, зэхыхьэпIэзэхэкIыпIэхэр къыхагъэщхьэхукIынущ.

Апхуэдэуи, иужьрей зэманым «ГъуэгуфI шынагъуэншэхэр» лъэпкъ пэхуэщIэм ипкъ иткIэ, псори зэхэту километр 18 зи кIыхьагъ, Къубэ-Тэбэрэ Къулъкъужын Ипщэрэ зэпызыщIэ автомобиль гъуэгур зыхуей хуагъэзащ. ЩIыналъэ гъуэгу фондым и мылъкукIэ Ислъэмей, ХьэтIохъущыкъуей, Псыхъурей къуажэхэм я гъуэгухэри зыхуей хуагъэзащ.

Иджыри зэ къыхэзгъэщынщи, къалэн нэхъыщхьэу нобэ къытпэщылъхэм хохьэ районым нэхъри зегъэужьыныр, цIыхухэм я псэукIэр егъэфIэкIуэныр. Ди щIыналъэм инвестицэ къешэлIэным, мэкъумэш, социальнэ, псэуныгъэм ехьэлIа нэгъуэщI IэнатIэхэм, инфраструктурэмрэ туризмэмрэ зегъэужьыным хуэунэтIа лэжьыгъэхэр зы махуи зэпыуркъым.

Апхуэдизыр зыхузэфIэкI ди цIыхухэм, щIыналъэр ефIэкIуэным зи зэфIэкI езыхьэлIэхэм, зи хэку «цIыкIур» фIыуэ зылъагъухэм фIыщIэ ин яхуэсщIыну сыхуейщ. ДяпэкIи дызэгъусэу Iуэхум дегугъумэ, дэ куэд тхузэфIэкIынущ ди къалэн нэхъыщхьэхэр зэгъэхъулIэнымкIэ, цIыхухэм я псэукIэр нэхъри тынш, зэIузэпэщ щIынымкIэ, къэралри республикэри егъэфIэкIуэнымкIэ.

Епсэлъар **ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олегщ.**

Дунейм щыхъыбархэр

Апхуэдэ егъэджакIуэхэм дахуэныкъуэщ

УФ-м и Къэрал Думэм и УнафэщI Володин Вячеслав къелъытэ дзэ Iуэху хэхам хэтхэм Урысейм и школ псоми щрагъэджэн хуейуэ.

«Дыхуейт дэтхэнэ зы школми апхуэдэ егъэджакIуэхэр щыIэну. Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, а Iуэхум хэт щIалэхэр псори лIыхъужьыгъэ къэзыгъэлъэгъуа хэкупсэ нэсхэщ. Абыхэм къэралри абы и цIыхухэри дахъумэну езыхэм я фIэфIыныгъэкIэ къалэн зыщащIыжри, а къулыкъу гугъум пэрыувахэщ. Абы къыхэкIыуи, мыхьэнэшхуэ иIэщ а щIалэхэм яхуэфэщэн гулъытэ къэралым зэрахуищIыным. Псом нэхърэ нэхъыщхьэращи, апхуэдэ лIыхъужьхэр ди сабийхэм яхэтын хуейщ. Сэ къызолъытэ абыхэм езыхэм зыхащIыкI предметхэмкIэ ирагъэджэну Iэмали хуитыныгъи етыпхъэу», - жиIащ Володин Вячеслав.

Абы къыхигъэщащ школым щыщIэса зэманым Хэку зауэшхуэм хэтахэм ирагъаджэу зэрыщытар икIи я дуней еплъыкIэ яIэжынымкIэ ахэр сэбэп къазэрыхуэхъуар.

Пщэрылъхэр зэрагъэзащIэм щегъэгъуазэ

Урысей Федерацэм и Президент Путин Владимир лэжьыгъэ IуэхукIэ хуэзащ УФ-м и Правительствэм и УнафэщIым и къуэдзэ Патрушев Дмитрий.

ЗэIущIэм щытепсэлъыхьащ «Экологие зэIузэпэщыгъэ» лъэпкъ проектыр зэрагъэзащIэм, псом хуэмыдэу гулъытэ нэхъ хуащIу къытеувыIащ псы ежэххэр хъумэным, ахэр зыхуей хуэзэу гъэкъэбза хъуным, мэзхэр зэфIэгъэувэжыным теухуа Iуэхухэм.

Апхуэдэу вице-премьерым и гугъу ищIащ къэралым и агропромышленнэ комплексым и щытыкIэм, а IэнатIэм щылэжьэну IэщIагъэлIхэр зэрагъэхьэзырым, къуажэхэм зегъэужьынымкIэ къэрал программэм къахуигъэув къалэнхэр зэрызэфIагъэкIым.

«ЩIэныгъэ нэхъыщхьэ щрат мэкъумэш еджапIэхэм я инфраструктурэр къэгъэщIэрэщIэжыным хуэунэтIа лэжьыгъэр ирагъэжьащ. АПК-м Iуэхум хэзыщIыкI IэщIагъэлIхэр къешэлIэным, къапщтэмэ, цIыхухэм я гъащIэр егъэфIэкIуэным хуэунэтIауэ къуажэхэм зегъэужьынымкIэ къэрал программэр ди къэралым илъэс еханэ хъуауэ щагъэзащIэ. А программэр цIыхухэм яфIэгъэщIэгъуэнщ икIи щIэупщIэ хьарзынэ иIэщ. 2020 гъэм щегъэжьауэ а Iуэхум сом мелард 400-м нэблагъэ хухахащ, абы щыщу сом меларди 116-р мы илъэсым къагъэсэбэпыну яубзыхуащ», - жиIащ Патрушев Дмитрий.

Жэпуэгъуэм и 9, *махуку*

♦Пощтым и дунейпсо махуэщ

♦**1909 гъэм** къалъхуащ убых тхакIуэ, журналист **Щхьэплъы Зубейдэ**.

♦**1955 гъэм** къалъхуащ ухуакIуэ, хьэрычэтыщIэ **Къурашэ Валерэ**.

♦**1966 гъэм** къалъхуащ актрисэ, КъБР-м и Къэрал саугъэтым и лауреат, КъБР-м щIыхь зиIэ и журналист **Мысостышхуэ Маринэ**.

♦**1910 гъэм** къалъхуащ КъБР-м и цIыхубэ усакIуэ **Щомахуэ Амырхъан**.

♦**1925 гъэм** къалъхуащ франджы балеринэ цIэрыIуэ, адыгэ лъэпкъым къыхэкIа **Черинэ (Щэмырзэ) Людмилэ**.

♦**1928 гъэм** къалъхуащ тхыдэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, КъБР-м щIэныгъэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Iулыдж Iустырхъан**.

♦**1930 гъэм** къалъхуащ тхакIуэ, КъБР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **КIуантIэ Iэзид**.

♦**1935 гъэм** къалъхуащ КъБР-м и цIыхубэ тхакIуэ, республикэм щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, «Iуащхьэмахуэ» журналым и редактор нэхъыщхьэу лэжьа **Елгъэр Кашиф**.

♦**1939 гъэм** къалъхуащ философие щIэныгъэхэмкIэ доктор, техникэ щIэныгъэхэмкIэ кандидат, КъБР-м щIэныгъэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Тхьэгъэпсо Хьэжысмел**.

♦**1940 гъэм** къалъхуащ КъБР-м и цIыхубэ артист **Куэт Къанщобий**.

♦**1941 гъэм** къалъхуащ Къэрэшей-Шэрджэсым и цIыхубэ тхакIуэ, КъБР-ми КъШР-ми щIыхь зиIэ я журналист, «Черкес хэку» газетым и редактор нэхъыщхьэу илъэс куэдкIэ лэжьа **Дэбагъуэ Мухьэмэд**.

♦**1942 гъэм** къалъхуащ уэрэдус, КъБР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Щомахуэ Хьэсэнбий**.

♦**1942 гъэм** къалъхуащ КъШР-м щIыхь зиIэ и журналист **Шорэ Ахьмэд**.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм уэшх къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градус 21 - 22-рэ, жэщым градус 15 щыхъунущ.

Жэпуэгъуэм и 10, *мэрем*

♦Психикэ узыншагъэр хъумэным и дунейпсо махуэщ

♦ЦIыхум и судыр укIыIэ ящIэу мыдэным и европэпсо махуэщ

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм уэшх къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градус 17 - 19, жэщым градус 12 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар **ЩХЬЭЩЭМЫЩI Изэщ.**

Лъэпкъ Iущыгъэ:

Хамэлэр Iэгъэзагъэ щхьэкIэ, гугъэзагъэкъым.

ЩIэупщIэм хэхъуэ къыдокIуэ

Дызэрыт илъэсым къриубыдэу Урысей Федерацэм былымкъэбыстэм (рапсым) къыщIахуа дагъэу доллар мелуан 960-рэ и уасэ нэгъуэщI къэралхэм яращащ икIи ар хуэдэ 1,6-кIэ нэхъыбэщ нэгъабэ и апхуэдэ пIалъэм щыIэ бжыгъэхэм нэхърэ. Тонн бжыгъэкIэ къэдгъэлъагъуэмэ – мин 970-рэ мэхъу е нэгъабэ яхуэзфIэкIам нэхърэ процент 38-кIэ нэхъыбэщ ар.

АПХУЭДЭ хэхъуэмрэ щIэупщIэмрэ мыхьэнэшхуэ иIэщ УФ-м и дежкIэ, сыту жыпIэмэ, языныкъуэ къэралхэм сэхуранымрэ пальмэмрэ къыщIахуа дагъэхэм я уасэхэр «нык ъуэкъуэгъу» къыхуохъу былымкъэбыстэм и дагъэм хуагъэувахэм. Апхуэдэу щыхъукIи, экспортым ягъакIуэ дагъэхэм ящыщу рапсым къыщIахуам еплIанэ увыпIэр дуней псом щиIыгъщ. ЕрыскъыхэкIхэм елэжь промышленностым къызэрыщагъэсэбэпым къыдэкIуэу, нэгъуэщI къэралхэм биогъэсыныпхъэхэр абы къыхащIыкI.

УФ-м былымкъэбыстэм къыщыщIахуа дагъэм щIэупщIэ нэхъыбэ щиIэр Китайрщ. 2024 гъэм ди щэхуэгъу нэхъ инхэм ящыщу Латвиер етIуанэу щытащ, ещанэр Норвегиерщ. Апхуэдэуи рапсым къыщIахуа дагъэм щIэупщIэ щиIэщ Белоруссием, Ираным, Тунисым, Израилым, Данием, Узбекистаным, нэгъуэщI къэралхэми.

2025 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым былымкъэбыстэм щыхухахащ псори зэхэту гектар мини 5,4-рэ. Нэгъабэ щыIа бжыгъэхэм хуэдизщ ар икIи псом нэхърэ нэхъыбэу а къэкIыгъэр щащIэр Прохладнэ щIыналъэрщ.

КъищынэмыщIауэ, республикэм и мэкъумэшыщIэхэр нэхъыбэу зэгугъур бжьыхьэсэ рапсырщ икIи, нобэкIэ, ар тращIащ гектар миным щIигъум.

ХЬЭЩОКЪУЭ Алыдж.

Экономикэ Политикэ

Махуэку

Кавказ Ищхъэрэ Жылагъуэ Iуэху

Илъэсищым дызыхэпсэукIынур

Къухьэпlэр нэхъри къытпэщlоувэ. Абы хузэфlэкl къигъанэркъым ди экономикэр ириудыхын папщlэ. Щlыдагъэмрэ газымрэ къащlэтхыр нэхъ мащlэ хъуащ. Сомыр пуд мэхъу. Апхуэдэ щытыкlэ щыщыlэ зэманым УФ-м и Правительствэр хэплъащ илъэсищ гъунэгъум тещlыхьа бюджетым и проектым. Дауи, ар щызэхалъхьэм къалъытащ а къедбжэкlа псори. Арщхьэкlэ, гъэщlэгъуэнырщи, псэуныгъэм, дзэ lуэху хэхам, узыншагъэр хъумэным ехьэлlауэ я пщэ далъхьэжа къалэнхэм ящыщу зыри кlэрагъэхуакъым. Ар зи фlыгъэри Урысейм зэрызиужьырщ. Мы гъэм и мази 7-м ди къэралым и ВВП-м процент 1,1-кlэ зиlэтащ. Мащlэщ, ауэ ар нэхъыбэщ УФ-м къеныкъуэкъу къэрал зыбжанэм яйхэм нэхърэ икlи абы къокl дэ зэран къытхуэхъуным хущlэкъуурэ ди жагъуэгъухэр езыхэм я щхьэхэм еижу.

2026 гъэм щlышылэм и 1-м зэуэ процент 20-кlэ хэхъуэнущ улахуэ нэхъ мащlэ дыдэм (МРОТ) икlи ар хъунущ сом мин 27-рэ 93-рэ. Абы цlыху мелуани 4,5-м я псэукlэр иригъэфlэкlуэнущ. Фигу къэдгъэкlыжынщи, мы зэманым лэжьапщlэ нэхъ мащlэ дыдэр сом мин 22-рэ 400-рэ мэхъу икlи абы нэхърэ нэхъ улахуэ цlыкlу итыну зыри хуиткъым. Къыкlэлъыкlуэ илъэсхэми МРОТ-р къаlэтынущ.

Зэlущlэм зэрыщыжаlамкlэ, Урысейм и экономикэм и зыужьыныгъэр щlэпсынщlэнущ 2027 - 2028 гъэхэм. Абы щыгъуэми, унэтlыныгъэ псомкlи. Дауи, цlыхухэм яlэрыхьэ хэхъуэхэри я пlэ итынукъым. Урысейм экономикэ зыужьыныгъэмкlэ и министр Решетников Максим и псалъэхэм ятепщlыхьмэ, цlыхухэм я лэжьапщlэхэм проценти 10-кlэ хэхъуэнущ. Финансхэмкlэ министр Силуанов Антон щlигъужащ илъэсищым тещlыхьа бюджетыр «зэпlэзэрыту икlи зэпэшэчауэ» зэрызэхалъхьар. Федеральнэ бюджетыр зыхущыщlэнур ВВП-м ику иту и процент 1,4-рэщ.

Пэхуэщlэм гулъытэшхуэ хуещl сабий къалъхум я бжыгъэм хэгъэхъуэным. Псори зэхэту илъэси 3-м мы lуэхум сом триллиони 10 трагъэкlуэдэнущ. Щlэуэ къыхалъхьэхэм ящыщщ сабий 2-3 зиlэ унагъуэхэм налогхэм я зы lыхьэ хуапшыжыныр. Анэ мылъкур тыным пащэнущ 2030 гъэ пщlондэ. Ар инфляцэм зэрызичым къыкlэрымыхуу индексацэ ящlынущ. Иджы щыщlэдзауэ анэ мылъкум щыщу къэнэжар къыlахын папщlэ къагъэлъэгъуэн хуейкъым ар къызэрагъэсэбэпыну щlыкlэр. Мы lэнатlэм хухахынущ сом триллион 1,8-рэ. Абы къыдэкlуэу аргуэру сом мелард 300 хуаунэтlынущ быни 3, нэхъыбэ щапl унагъуэхэр зэ етыгъуэкlэ ягъэпэжэным, сом мин 450-рэ дэтхэнэми хуэзэу иратынущ ипотекэм щыщ lыхьэ япшыныжын папщlэ.

Правительствэм къыхелъхьэ узыншагъэр хъумэн lэнатlэр дэlыгъыным сом зы триллионым щlигъу хухахыну. «Жыджэру илъэс куэдкlэ псэун» лъэпкъ проектыр гъэзэщlэным и закъуэ къэкlуэну илъэси 3-м сом мелард 900 трагъэкlуэдэнущ. Сом мелард 94-рэ хухах «Унагъуэ» лъэпкъ проектым и мурадхэр зрагъэхъулlэным. Псом япэу ар зыхуэгъэзар сабийхэм щеlэзэ, щакlэлъыплъ lуэхущlапlэхэр ухуэнырщ, щыlэхэр егъэфlэкlуэнырщ.

А псори икlэм-икlэжым зэгъэщlылlар псэуныгъэ lуэхухэрщ. Арщхьэкlэ бюджетым и дежкlэ мыхьэнэ ин зиlэ къалэнщ къэралым lэщэкlэ Зэщlэузэда и Къарухэр Хэкур яхъумэн папщlэ зыхуеину псомкlи къызэгъэпэщыныр. Аращ шынагъуэншагъэр зэлъытар. «Мы lэнатlэм хухах мылъкур хурикъунущ дзэр зыхуеину lэщэхэмкlэ зэщlэузэдэным, абы къулыкъу щызыщlэхэмрэ я унагъуэхэмрэ ахъшэкlэ даlыгъыным, зыхъумэжыныгъэ-промышленнэ комплексыр гъэлэжьэным» - дыкъыщоджэ дэфтэрым.

Дауи, иджырей дунейм ущыпсэуфынукъым технологие пэрытхэм уалъэмыlэсу, ахэр къыумыгъэсэбэпу. 2026 - 2028 гъэхэм апхуэдэ мурадхэм трагъэкlуэдэнущ сом триллион 1,9-рэ.

Зэрытлъагъущи, мурадхэр инщ, зэфlэгъэкlын хуейхэр куэдщ. Дэнэ атlэ а псоми трагъэкlуэдэну ахшэр къыздрахынур? Финансхэмкlэ министерствэм къелъытэ псом япэу Налог кодексым зэхъуэкlыныгъэхэр халъхьэн хуейуэ. Мыбдеж нэхъ зыщытрагъащlэр щlагъужа уасэм тралъхьэ налогыр иджырей процент 20-м къигъэкlауэ процент 22-м нэсу къэlэтынырщ. Нэхъ гурыlуэгъуэу жыпlэмэ, уасэхэр къэlэтынырщ. Ауэ къыхэгъэщын хуейщ ар ерыскъым, хущхъуэхэм, сабийхэм къагъэсэбэпхэм жьэхэмыуэну дыкъызэрагъэгугъэр. Ари хъарзынэщ.

Налог нэхъыбэ ятехьэнущ lэнатlэ зыбжанэм. Псалъэм и хьэтыркlэ, ахъшэ джэгупlэхэм, букмекер lуэхущlапlэхэм.

Зэрыгурыlуэгъуэщи, зи гугъу тщlа проектыр зэрагъэпцlа къудейщ. Абы къыпоплъэ Къэрал Думэм и «кхъузанэр».

Хэт езы Пилсудскэр?

Польшэм и президентыщlэ Навроцкий Карль иджыблагъэ жиlащ зэгуэр къэралым и lэтащхьэу щыта Пилсудский Юзеф «псэкlэ епсалъэу», сыт хуэдэ lуэхукlи абы ечэнджэщу. Ар егъэлеяуэ телъыджэ ящыхъуащ: зи цlэр хэгъуэщэжа а цlыхум акъыл зыхэлъ гуэри, щапхъэ зытепхыни къигъэнакъым, уеблэмэ, къэралыр игъэунэхъуащ. Хэбгъэзыхьмэ, Навроцкэм и «пщlыхьхэр» къызэрыщыхъум теухуа упщlэ «Валдай клубым» иджы дыдэ щекlуэкlа пресс-конференцым щратащ Урысей Федерацэм и Президент Путин Владимир. Абы къитыжа жэуапыр зэхэтха-щи, къытедмыгъэзэжми, хъунущ.

АУЭ хэт ар, ахърэтым къипсэлъыкl Пилсудскэр? И лэжьыгъэм нэхърэ абы и къекlуэкlыкlар куэдкlэ нэхъ хьэлэмэтщ. Пасэу яукlынуи щытащ. Арщхьэкlэ къызыхэкlар мыгурыlуэгъуэу къелащ. Тхыдэджхэм къалъытэ ар пащтыхь Александр Ещанэм lэщlэкlа щыуагъэ нэхъ ин дыдэу. Хэбгъэзыхьмэ, жэпуэгъуэ революцэр къызэрыхъуари абы и зэрану. Ауэ ар хэт мы lуэхум зэреплъщ. Фэ езым фегупсысыж.

... 1887 гъэм накъыгъэм и 8-м Шлиссельбург быдапlэм щхьэпылъэ щащlащ Ульянов Александр, дунейпсо пролетариатым и вождь хъуа Ленин (Ульянов) Владимир и къуэш нэхъыжьыр. Ауэ императорым хуигъэгъуащ Пилсудский Юзеф. Абы щыгъуэми, тlуми ялэжьа щlэпхъаджагъэр зэхуэдэт. Мис ар щыуагъэ дыдэт.

Языныкъуэ тхыдэджхэм къалъытэ а зэманым илъэс 17 зи ныбжь Владимир революцэ зэщlэхъееныгъэм и гъуэгум тезыгъэхьар арауэ. Сыт хуэдэу щымытми, гимназиер къиухыху а щlалэм щыlэ къэрал ухуэкlэмкlэ мыарэзыуэ зыгуэркlи зыкъигъэлъэгъуакъым. Абы щыхьэт техъуащ Керенский Федори, зыщlэса еджапlэм и унафэщlу щытар икlи Пlалъэкlэ щыlа правительствэм и lэтащхьэм и адэр.

Лениным и къуэш нэхъыжьыр нэгъуэщlт. Абы Шевырев Петр и гъусэу къызэригъэпэща террорист фракцэм къалэну зыхуигъэувыжат «правительствэм и лэжьыгъэр къарукlэ къызэпиудурэ», политикэ хуитыныгъэхэм щlэбэныну. Икlэм-икlэжым и мурад нэхъыщхьэр зыхуэгъэзар пащтыхьыр яукlынырт.

Гимназиер дыщэ медалкlэ къэзыуха Александр псом хуэмыдэу химием кууэ хищlыкlырт. Абы къыхэкlыу императорыр зэраукlыну бомбэр игъэхьэзырыну зи пщэ иралъхьари аращ. Абы папщlэ зыхуеинухэр къиищэхун папщlэ щlалэм ищэжат и дыщэ медалыр!

Щlэпхъаджагъэ зэрагъэхьэзырыр псынщlэу къащlащ, гупым хэта псори ягъэтlысащ. Абыхэм ящыщу тхум яхэту и къуэш нэхъыжьыым и щхьэр палъа иужь Владимир къыпхуэмыщlыхужыну зихъуэжащ. Мазищ дэкlыу ар зыщlэтlысхьа Къэзан университетым мыгувэу къыщlадзыжащ, уэрамхэм хьэлэбэлыкъ къыщызыlэта студентхэм зэрагъусам къыхэкlыу. Хэбгъэзыхьмэ, политикэ и лъэныкъуэкlэ дзыхь хуэпщl мыхъуну къызэралъытам и зэранкlэ, куэдрэ щlагъэтlысхьэжакъым еджапlэ нэхъыщхьэм. А зэманым еш ямыщlэу щlиджыкlащ революционерхэм я lэдакъэщlэкlхэр, псом хуэмыдэу Чернышевский Николай и лэжьыгъэхэр. Абы жиlауэ яlуэтэжырт: «Дэ нэгъуэщl гъуэгукlэ дыкlуэнщ!»

Зи гугъу тщlа гупым яхэтащ лъэпкъкlэ поляк Пилсудский зэкъуэшитlри - Брониславрэ Юзефрэ. Нэхъыжь Бронислав илъэс 15 тралъхьэри, Сахалин кlэтlэржинэ ягъэкlуащ, нэхъыщlэ Юзеф илъэси 5-кlэ и «lуэхур» зэфlагъэкlащ. Бронислав абы иужькlэ зыкъиужьыжакъым, ауэ Юзеф тхыдэм лъэужь къыщигъэнащ. Урысейм къыщыхъуами, ар зэрысабийрэ урысхэм къатеплъэ хъуртэкъым. Сыбырым илъэси 5-р щрихьэкlри, абы и Хэку игъэзэжащ икlи Польшэм къыщызэрагъэпэщ Социалист партым и lэтащхьэхэм ящыщ хъуащ. Абы щыгъуэми, езым зэрызиумысыжамкlэ, Маркс Карл и «Капитал»-р нэбгъузкlэ имылъэгъуауэ! Хэбгъэзыхьмэ, «ныбжьэгъукlэ» къеджэу идэртэкъым (1918 гъэм маршал хъуакlэу абы и деж кlуа социалистхэм къахуилъауэ щытащ, «зиусхьэнкlэ» зыхуагъэзэну яхуигъэуври).

Наlуэу зэрыщытщи, Совет Урысейм зауэ кърищlылlащ. Абы и гуращэхэр къагъэлъагъуэрт мы псалъэхэм: «XVI лlэщlыгъуэм и гъунапкъэхэм иувэжа тенджыз Фlыцlэмрэ Балтие тенджызымрэ темыхьэжыф, Ипщэмрэ Ипщэ-КъуэкlыпlЭмрэ я къулеигъэхэр зыфlэкlуэда Урысейр лъэкlыныгъэншэ къэралу щытынут, Польшэми зэран къыхуэхъуфынутэкъым. Ауэ къэунэхуа къэралыщlэхэм я нэхъ ину икlи лъэщу щытыну Польшэм и лъэкlыныгъэр Финляндием къыщыщlэдзауэ Кавказ къуршхэм нэс щызыхащlэнут». Дауи, къехъулlакъым, ауэ Урысейм щlыналъэхэр фlэкlуэдащ...

Иджы девгъэгупсысыт Ульянов Александр хуагъэгъуу Пилсудский зэкъуэшхэм я щхьэхэр палъамэ, тхыдэм зыкъызэрызэридзэкlынкlэ хъуну зэрыщытам. Арщхьэкlэ тхыдэм кърагъэгъэзэжыфыркъым.

Къэралыр гъуэгу захуэм и хъумакIуэщ

Ислъам щэнхабзэмрэ щlэныгъэмрэ хъумэнымкlэ фондыр и дэlэпыкъуэгъуу, КъБР-м и Муслъымэнхэм я дин lуэхущlапlэм Налшык жэпуэгъуэм и 6-м щригъэкlуэкlащ «Хабзэкlэ къекlуэкl псэкупсэ-щэнгъасэ лъапlэныгъэхэр зэманым къигъэув упщlэхэм зэрыхуэкlуэр» зыфlаща щlэныгъэ конференц.

ДУНЕЙПСО мыхьэнэ зиlэ зэхуэсышхуэ хъуащ Къэбэрдей-Балъкъэрым щызэхэша муслъымэн зэlущlэр. Абы и мыхьэнэр зыхуэдизыр къыбжаlэ кърагъэблэгъа хьэщlэхэм я цlэхэм: Бегъымбар лъапlэу щэлатымрэ сэламымрэ зэхам и щlэблэм щыщ, Къурlэн лъапlэм епха саугъэт нэхъыщхьэр зыт дунейпсо комиссэм и унафэщl, Дубай щыщ дин щlэныгъэлl Мамун lэр-Рауи Хъэлил, Индием щыlэ, Даруль lулюм Хьэлимие институтым и унафэщl lэхьмэд lэнуар, Тыркум къикlа дин щlэныгъэлlышхуэ Хьэууамэ Мухьэмэд, шэрихьэт щlэныгъэхэмкlэ доктор lэл Гъурсий Мухьэмэд Салихь, Марокко щыщ lэл-Кэмалий Саид ибн Мухьэмэд, Иорданием щыщ щlэныгъэлl Шахин Фирас.

Урысейм щыщ дин лэжьакlуэхэм къабгъэдэкlыу, конференцым къекlуэлlащ Муслъымэнхэм я дин lуэхущlапlэхэм я лlыкlуэхэр, «Дунейпсо ислъам къыхуеджэныгъэ» зэгухьэныгъэм и унафэщl Пщыхьэщlэ Шафихь, ислъамыр щаджу Урысейм ит еджапlэхэм я егъэджакlуэхэр.

Конференцыр къыщызэlуихым, КъБР-м и Муслъымэнхэм я дин lуэхущlапlэм и унафэщlым и къуэдзэ Сыжажэ Алим хьэщlэхэм яригъэцlыхуащ республикэм щыщ къулыкъущlэхэу зэхыхьэм кърихьэлlахэр: КъБР-м и Правительствэм и Унафэщlым и къуэдзэ Къуэшрокъуэ Залым, Къэрал Думэм и депутат Геккиев Заур, Парламентым щэнхабзэмрэ цlыхубэ политикэмкlэ и комитетым и унафэщl Текуев lэмырбий, Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ Сэхъурокъуэ Хьэутий, КъБР-м лъэпкъ lуэхухэмрэ жылагъуэ проектхэмкlэ и министр Кlурашын Анзор, бжыгъэхэр зи лъабжьэ зыужьыныгъэмрэ цlыхубэ зэпыщlэныгъэхэмкlэ министр Бозий Аскэр, УФ-м и Президентым и лlыкlуэу КИФЩl-м щыlэ аппаратым къикlа Къуэщlысокъуэ Тимур, lэбу Хьэнифэ и цlэр зезыхьэ Кавказ Ищхъэрэ ислъам университетым и ректор Шыбзыхъуэ Мухьэдин.

Конференцым къекlуэлlахэм егъэблагъэ псалъэкlэ захуигъэзащ муфтий Дзасэжь Хьэзрэталий. Ар кlэщlу тепсэлъыхьащ конференцыр щlызэхашам и щхьэусыгъуэ нэхъыщхьэм. Ар Урысейм щыпсэу щlалэгъуалэр хабзэкlэ къэралым щызэрахьэ диным темыгъэгъуэщыкlыныршщ, мыхъумыщlагъэ зигу илъ къудамэ пхэнжхэм драмыгъэхьэхыныршщ. Ди къэралым и гугъу пщlымэ, а мурадым тегъэщlапlэ хуохъу нэхъыбэм зэрахьэ шафихьий, хьэнэфий мэсхьэбхэр. УФ-м и Президент Путин Владимир 2022 гъэм щэкlуэгъуэм и 10-м къыдигъэкlауэ щыта «Урысейм хабзэкlэ щызекlуэ псэкупсэ-щэнгъасэ лъапlэныгъэхэр хъумэным теухуауэ» унафэм и плъапlэри аращ.

- Щlалэгъуалэр тхъумэн папщlэ, нобэ жэуап зэттын хуей упщlэхэр куэд мэхъу. Ахэр ягъэщхьэрыуэн мурадкlэ, зы гупым динышагъэр яукъуэдий, адрейхэм мэсхьэбым и пщlэм кlэрагъэхуну хэтщ. Мэсхьэбыр щlэныгъэлl зыбжанэм я lуэху еплъыкlэу аракъым, ар лlэщlыгъуэ бжыгъэкlэ диным игъэунэхуа щlэныгъэщ, егъэджакlуэм еджакlуэм ириту зэlэпахыурэ, ди лъэхъэнэм къахьэсауэ. Абы ди щыбагъыр хуэдгъазэмэ, пэжым дезыпх кlапсэри зэпычынущ, - жиlащ Дзасэжьым.

Къуэшрокъуэ Залым конференцым къекlуэлlахэм республикэм и lэтащхьэ Кlуэкlуэ Казбек и сэлам гуапэ ярихыжащ, я мурадхэр къехъулlэну ехъуэхъуащ.

- Иужьрей илъэсхэм цlыхум къыдекlуэкl лъапlэныгъэхэр къагъэтlэсхъэныр зи мурад къару куэд утыкум къилъэдащ, - жиlащ Къуэшрокъуэм. - Урысей Президентым аращ псэкупсэ лъапlэныгъэхэр хъумэн зэрыхуейм епха унафэ къыщlыдигъэкlар. Абы и фlыгъэкlэ, дэтхэнэ зы муслъымэнми елъагъу езым мыхьэнэ зрит щlэныгъэм къэралыр къызэрыщхьэщыжыр. Абы къызэщlеубыдэ ислъамым и мызакъуэу, адрей динхэр зезыхьэхэри.

Конференцым къыщыпсэлъахэм псоми къыхагъэщащ цlыхум къыдекlуэкl гумащlагъыр, гулъытэр, захуагъэр, езым хуэдэм дэlэпыкъуныр тхыдэкlэ къызэрыгъуэгурыкlуэр, абыхэм я уасэм зэи зэрыкlэрымыхунур.

Конференцым и лэжьыгъэм псалъэ гуапэкlэ зыхуагъэзащ ДАХ-м и тхьэмадэ Сэхъурокъуэ Хьэутийрэ Къэрал Думэм и депутат Геккиев Зауррэ. Ислъам щэнхабзэмрэ щlэныгъэмрэ зыщlэгъэкъуэнымкlэ фондым и унафэщl Грязнов Михаил Къэбэрдей-Балъкъэрым ехъуэхъуащ апхуэдэ мыхьэнэ зиlэ зэхуэсышхуэ зэхашэну, апхуэдэпщlэ зиlэ щlэныгъэлlхэр ягъэхьэщlэну lэмал зэрагъуэтам папщlэ. Ар Урысейм муслъымэну ис псоми зэрахуэщхьэпэнум шэч къызэрытримыхьэри къыхигъэщащ.

- Псом нэхърэ нэхъапэр щlалэгъуалэр гулъытэншэу къэмыгъэнэнырщ, - жиlащ Грязновым. - Абы и лъэныкъуэкlэ мыпхуэдэ дин зэхуэсхэм мыхьэнэшхуэ яlэщ. Щlалэгъуалэрщ ди къэралым и пщэдейрей махуэр зыухуэнур. Аращ ди Фондым унафэ къыщlищтар мы конференцым зыщlэдгъэкъуэну.

Екlуэкlа зэхуэсым и лэжьыгъэр къызэщlиубыдэжу, конференцым резолюцэ къищтащ. Къызэщlэубыдауэ жыпlэмэ, абы и мыхьэнэр ди къэралым хабзэ хъуауэ къыщекlуэкl дин зехьэкlэхэм езыр зэрителъхьэрщ, мэсхьэбхэм къару егъэгъуэтыжыныр унафэкlэ зэриукъуэдийрщ. Ар къыдэхъулlэн папщlэ, щlэныгъэ езыт lуэхущlапlэхэм я лэжьыгъэм тегъэщlапlэ нэхъыщхьэу яlэн хуейщ Урысейм ис муслъымэнхэр тхыдэкlэ зытет мэсхьэбхэм я лъабжьэр гъэбыдэныр, абы и фlыгъэкlэ цlыхугъэм и къаруми зегъэузэщlыжыныр.

КЪУДЕЙ lэминэ.

Зэреджэу щытар фIащыжащ

Куэд топсэлъыхь Вашингтон иджыблагъэ ича лъэбакъуэм. Наlуэу зэрыщытщи, президент Трамп Дональд и унафэкlэ США-м «зыхъумэжыныгъэмкlэ и министерствэм» и цlэр «зауэмкlэ и министерствэу» зэрахъуэкlащ. Сыт щхьэкlэ? Къагурыlуэркъым.

АРЩХЬЭКlЭ, къызэрыщlэкlамкlэ, мыбы гъэщlэгъуэн гуэри хэлъкъым. А lуэхущlапlэм фlащыжауэ арац нэхъапэм зэреджэу щытар. Америкэм и Штат Зэгуэтхэр къэрал хъури, абы къыдежьащ «зауэмкlэ министерствэри» икlи илъэси 158-кlэ а цlэр зэрихьащ. Ар фlищыжкlэрэ Трамп хуейщ зэгуэр США-м и зауэлlхэм яlа щlыхьыр зэфlигъэувэжыну. Щхьэтечу жытlэнщи, Британием и дзэр тlэунейрэ - 1783 гъэмрэ 1815 гъэмрэ, Мексикэр 1848 гъэм, испан империер 1898 гъэм щыхигъэщlа, апхуэдэу батэр щигъэша дунейпсо зауитlым я зэманым къыхуащlу щыта пщlэр зэфlигъэувэжыну.

Трамп къелъытэ зи гугъу тщlы lуэхущlапlэм и цlэр «зыхъумэжыныгъэмкlэ министерствэу» щызэрахъуэкlа 1947 гъэм США-м lэщэкlэ зэщlэузэда и къарухэм я лъэщагъым кlэрыхуу щlидзауэ. Псом хуэмыдэу ахэр лъэкlыныгъэншэ хъуащ Демократие партым щыщ президентхэу Клинтон Билл, Обамэ Барак, Байден Джо сымэ я тетыгъуэм.

А псоми къадэкlуэу, уегупсыс зэрыхъунумкlэ, Трамп игу ирихьу къыщlэкlынукъым «зыхъумэжыныгъэ» псалъэр - абы ар къилъытэу къыщlэкlынущ махагъэм и нэщэнэу. Трамп и тегъэщlапlэр къарурщ. Апхуэдэу щыщыткlэ, нэгъуэщlхэм лъэщу щапэщlэува зэманым иlа цlэр игъуэтыжмэ фlэкъэбылащ.

Ауэ дауэ хъуну мамырыгъэм щlэбэну, «щlыпlихым зауэхэр щагъэувыlауэ» жиlэ псалъэхэр? Нобель мамырыгъэмкlэ и саугъэтым и лауреат хъуну и напщlэ зэрытелъыр? Америкэн зыхъумэжыныгъэр «зыхъумэжыныгъэм» тегъэщlэщауэ жеlэ. Апхуэдэу щыщыткlэ, дзэр ебгъэрыкlуэн, зэуэн, фыщlэн хуейщ, унафэщl нэхъыщхьэу щыт езы президентыр и пашэу. Абырэ мамырыгъэмрэ сыткlэ зэзэгърэ?

А упщlэхэм я жэуапхэр къэбгъуэтыну гугъущ. Арщхьэкlэ зэхуагъэхъу. Япэрауэ, Трамп хуейкъым зауэ «купщlэншэхэм» - США-м Афганистаным е Иракым щригъэкlуэкlахэм хуэдэхэм. Нэгъуэщlу жыпlэмэ, абы къару къыщигъэсэбэпынур езым и фейдэ щыхэлъхэм дежщ. Абы папщlэ, пэщlэувэфынущ хэти. Псалъэм папщlэ, Гренландиер е Панамэ кlэнауэр зыlэригъэхьэн папщlэ. Ауэ абы и сэбэп зыхэлъхэр здэщыlэр дунейм и щlыпlэ зэмылlэужьыгъуэхэм я закъуэкъым. Езы США-ми щымащlэкъым Трамп хуэмыарэзыхэр. Псом япэу Демократие партым щыщ къалэ lэтащхьэхэмрэ губернаторхэмрэ. Мис ахэри гъэшынэным хуэгъэзащ президентым ича лъэбакъуэр. Дональд къелъытэ абыхэм щытыкlэр зэщlагъаплъэу, ар икlи пэжынущ. Ар хуейщ, щхьэусыгъуэ зэмылlэужьыгъуэхэр къигъуэтурэ, «хабзэр зэфlагъэувэжын папщlэ» зауэлlхэр штатхэмрэ къалэхэмрэ игъэкlуэну. Абыхэм а щlыпlэхэм ящlэн щагъуэтынущ. Къэтщтэнщи, хабзэншагъэкlэ хамэ къэралым lэпхъуэхэм япэщlэтыну. Нэгъуэщlщ езыхэм я lуэхухэм Вашингтон къыхэlэбэу штатхэм я губернаторхэм зэрамыдэр. Ауэ къару ущlиlэри апхуэдэхэм деж ар къэбгъэсэбэпын папщlэщ.

ЗауэмкIэ министр Хегсат псоми зэхахыу жиlакlэщ Къухьэпlэ Европэм щыlэ америкэн зауэлlхэм я бжыгъэр зыкъомкlэ ягъэмэщlэну зэрамурадыр. Абыхэм езы США-ми ящlэн щагъуэтынущ. Трамп тхьэлъанэ ищlащ езым быдэу къыкъуэт Кирк Чарли зэраукlар яхуимыгъэгъуну. Зэманым къигъэлъэгъуэнщ адэкlэ lуэхухэр зыхуэкlуэнур. Ауэ Трамп зыхъумэжыныгъэмкlэ министерствэм и цlэр мы зэман дыдэм зэрызэрихъуэкlар ауэ сытми къэхъуакъым.

«Махуэкум» и къыдэкlыгъуэр зыгъэхьэзырар
ШАЛ Мухьэмэдщ.

ЩIалэгъуалэм я гупсысэр фIым хуаунэтI

Щlалэгъуалэм я унэм щекlуэкlащ 2005 гъэм жэпуэгъуэм и 13-м Налшык къыщыхъуауэ щыта гузэвэгъуэм траухуа зэlущlэ. Абы хэтащ КъБР-м и Щlалэгъуалэ центрым щыlэ волонтёрхэр, медицинэм щыхурагъаджэ «Призвание» колледжым и студентхэмрэ егъэджакlуэхэмрэ.

2005 гъэм жэпуэгъуэм и 13 махуэр Къэбэрдей-Балъкъэрым и тхыдэ напэкlуэцl гуузхэм ящыщ хъуащ. Террористхэм lэщэр къащтащ, къалэр яубыдыну я нэрыгъыу. Зэхэуэм хэкlуэдащ хабзэхъумэ lэнатlэхэм я лэжьакlуэ 35-рэ гуащlэрыпсэу цlыху 15-рэ.

- Нобэ дыкъызэхуэсащ а махуэ гуауэм хэкlуэдахэр дигу къэдгъэкlыжыну... Ауэ абыи и закъуэкъым. Дыхуейщ щlалэгъуалэм ягурыдгъэlуэну экстремизмэм къишэ насыпыншагъэр зыхуэдизыр, яжетlэну абы зыщахъумэным теухуауэ щыlэ lэмалхэр, щlэпхъаджащlэхэм я къапхъэным уимыхуэн папщlэ абыхэм ятеухуауэ пщlэн хуейхэр, - жиlащ зэlущlэр езыгъэкlуэкlа Лlыхъурей Заур, Щlалэгъуалэ центрым и лэжьакlуэм.

Студентхэм захуигъэзащ КъБР-м щыlэ МВД-м экстремизмэм пэщlэтынымкlэ и центрым и оперуполномоченнэ Гуслистовэ Викторие. Ар тепсэлъыхьащ ди зэманым щlалэгъуалэм я зэхэтыкlэм, гупсысэкlэм, ахэр фlым хуэунэтlа хъун папщlэ щlапхъэу къилъытэхэм. Абы къыхигъэщащ террорист зэгухьэныгъэхэм зи гупсысэ зэlубз мыхъуа ныбжьыщlэхэри зэрызыхашэфыр, абы шынагъуэу пыщlам пэщlэтын зэрыхуейр. Щхьэхуэу къытеувыlащ экстремизм зэгухьэныгъэм хэту къаубыдхэм административнэ, уголовнэ тезырхэр зэрытралъхьэм.

- Экстремизмэм и къару фlыцlэр lэмалу зыхуекlуэхэм къыхигъахъуэ зэпытщи, щlэпхъаджагъэр зэрышынагъуэм теухуауэ щlалэгъуалэм зэпымыуэ депсэлъэн хуейщ, дыбэлэрыгъ зэрымыхъунур ягурыдгъаlуэу. Ди жагъуэ зэрыхъунщи, ныбжьыщlэ лажьэншэхэм я акъылыр зыгъэутхъуэ бзаджащlэхэр куэд мэхъу. Абыхэм ялъэкl къагъанэркъым щlалэгъуалэр зыхашэным, lуэху шынагъуэхэм трагъэгушхуэным теухуауэ. Зыдвгъэхъумэ, дызыхуэвгъэсакъ, щlалэгъуалэм ди нэlэ ятедгъэкl хъунукъым, - жиlащ Гуслистовэм.

Студентхэм зэlущlэм щагъэлъэгъуащ экстремизмэмрэ терроризмэмрэ ятеухуауэ езыхэм ягъэхьэзыра роликхэмрэ видео теплъэгъуэхэмрэ. Ныбжьыщlэхэм нэхъыжьхэм жраlэжащ ипэжыпlэкlэ гъащlэм къыщыхъуауэ езыхэр зыщыгъуазэ гуэрхэри. Щlалэгъуалэм Гуслистовэ Викторие упщlэ куэд зэрыратам тепщlыхьмэ, абыхэми къагурыlуэ ущызыгъэуэну уи яужь къихьэм зыкъебгъэгъапцlэ зэрымыхъунур.

ГЪУЭТ Синэ.

Мазибгъум ялэжьам ироплъэж

• ЩIДАА

ЩIэныгъэхэмкIэ Дунейпсо Адыгэ академием и зи чэзу зэIущIэ екIуэкIащ жэпуэгъуэм и 3-м. 2025 гъэм и блэкIа мазибгъум къриубыдэу академием зэфIиха Iуэхугъуэхэм ироплъэжу абы къыщыпсэлъащ ЩIДАА-м и щIэныгъэ секретарь нэхъыщхьэ, биологие щIэныгъэхэмкIэ доктор, профессор, КъБР-м и Парламентым и депутат Щхьэгъэпсо Сэфарбий.

ЗЭIУЩIЭМ хэтащ академием и вице-президент **ХьэфыцIэ Мухьэмэд**, ЩIДАА-м и президентым и чэнджэщэгъу **Бэлахъуэ Олег**, ЩIДАА-м филологиемкIэ и къудамэм и унафэщI **БакIуу Хьэнджэрий**, филологие щIэныгъэхэмкIэ доктор **Гъут Iэдэм**, нэгъуэщIхэри.

- Псом япэрауэ, къыхэзгъэщынут ЩIДАА-м и щIэныгъэ журналым и 3-нэ къыдэкIыгъуэр дунейм къызэрытехьар. Абы физикэм, щIыуэпсым, медицинэм, экономикэм, тхыдэм, филологием теухуауэ тхыгъэ купщIафIэхэр къытехуащ. КъищынэмыщIауэ, «Къэбэрдей-Балъкъэрым и щIыпIэ яхъумэхэм щыкI Iэгъэбэгухэр» тхылъым и рецензэр, БакIуу Хьэнджэрий и ныбжьыр илъэс 85-рэ зэрырикъум ирихьэлIэу абы и щIэныгъэ лэжьыгъэмрэ гъащIэмрэ теухуа, ЩIДАА-м и вице-президент Гварамия Алеко и ныбжьыр илъэс 85-рэ зэрырикъум ирихьэлIэу ягъэхьэзыра тхыгъэхэр итщ абы.

Гу лъытапхъэщ: ЩIэныгъэхэмкIэ Дунейпсо Адыгэ академиер, Адыгей Республикэм Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ и институтыр, «Адыгэ Хасэ-Шэрджэс Парламент» жылагъуэ зэгухьэныгъэр дызэщIыгъуу мазаем и 20 - 21-хэм едгъэкIуэкIащ, анэдэлъхубзэр хъумэнымрэ зегъэужьынымкIэ VII Дунейпсо зэIущIэр. ЩIыдэлъху лъэпкъхэм я бзэр хъумэным хухаха илъэси 10-м (2022 - 2032 гъэхэр) ипкъ иту къызэдгъэпэща а зэIущIэм хэтащ Дунейпсо Адыгэ академием и академикхэр, Осетие Ищхъэрэ-Алание Республикэм, Тыркум, Абхъазым, нэгъуэщI щIыналъэхэм я щIэныгъэлIхэр. КъищынэмыщIауэ, «ЩIыналъэхэм, зэрыщыту къатщтэмэ, ди планетэм и жьыуэпсым (климат) къыщыхъу зэхъуэкIыныгъэхэр къызыхэкIымрэ абыхэм къарикIуэнкIэ хъунумрэ» зыфIэтща зэIущIэр къызэдгъэпэщат ди академиемрэ Урысей Федерацэм ГидрометеорологиемкIэ и къулыкъум и IэнатIэ, ди республикэм и къалащхьэр зи хэщIапIэ Бгы лъагэ институтым и щIэныгъэлIхэмрэ дызэщIыгъуу. Зэхыхьэм хэтащ Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ Абхъаз Республикэмрэ я еджагъэшхуэхэр, нэгъуэщIхэри. Иужьрейуэ академием и лIыкIуэхэр зыхэтар Къэбэрдей-Балъкъэрым Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ и къэрал институтым фокIадэм и 26-м иригъэкIуэкIа «Проблемы системного изучения языка, фольклора и литературы народов Северного Кавказа в современных культурно-исторических реалиях» урысейпсо щIэныгъэ-практикэ конференцырщ. Ар къызэрагъэпэщащ филологие щIэныгъэхэмкIэ доктор, профессор, Урысейм ЩIэныгъэхэмкIэ и Академием и Къэбэрдей-Балъкъэр щIэныгъэ центрым Гуманитарнэ къэхутэныгъэхэмкIэ и институтым и щIэныгъэ лэжьакIуэ нэхъыжь, ЩIДАА-м и академик БакIуу Хьэнджэрий къызэралъхурэ илъэс 85-рэ зэрырикъум и щIыхькIэ, - жиIащ Щхьэгъэпсом.

ЩIэныгъэлIым гулъытэншэу къигъэнакъым академием илэжьын хуейуэ яубзыхуауэ зыхунэмысахэри. Абыхэм ящыщщ тхыдэ щIэныгъэхэмкIэ доктор Къэжэр Артур и нэIэ тету ирагъэкIуэкIын хуея «Iэнэ хъурейр». Ар 2026 гъэм яхьащ унафэщIхэм. Бэлахъуэ Олег зэрыжиIамкIэ, ЩIДАА-м хэтхэм ятеухуауэ ягъэхьэзыр «Кто есть кто в АМАН» тхылъыр кIыхьлIыхь щIэхъуар щIэныгъэлIхэм я тхылъхэр и чэзум къызэрамытарщ.

- Академиер къызэрыунэхурэ хэтахэм я Iыхьэ тхуанэм я тхылъ кIапи димыIэу жыпIэ хъунущ. Зи гугъу тщIыхэр дунейм ехыжауэ аращи, абыхэм я Iыхьлыхэм я деж упсалъэкIи къытрахыркъым, уакIэлъыгъуазэкIи жэуап къапхупыхыркъым. Арами, тхылъыр нэдмыгъэсу хъунукъыми, мы Iуэхум теухуауэ унафэ гуэр щIын хуейщ. Зы цIыхум и закъуэкIи ар зэхуэхьэса зэрымыхъунур наIуэщ, - къыхигъэщащ Олег.

ЩIДАА-м и мылъкукIэ къыдагъэкI тхылъхэм я гугъу щищIым, Щхьэгъэпсом жиIащ илъэс хьэкъыр зэрагъэзэщIар.

- Аллергием теухуауэ ягъэхьэзыр тхылъыр мы гъэм къыдэдгъэкIын хуэдэу хьэзыртэкъыми, ар лъэныкъуэ едгъэзащ зэкIэ. УзэщIакIуэ Нэгумэ Шорэ хуэдгъэпса тхылъри нэщIысакъым. Брат Хьэсин игъэхьэзырын хуея «Этнозоонимия черкесов» жыхуиIэ, тхылъищу зэхэт къыдэкIыгъуэри мы гъэм къытхудэгъэкIакъым, Хьэсин зэрыгукъыдэмыжым къыхэкIыу. Арами, абыхэм я пIэм идгъэувэн щыIэти, дубзыхуам нэхърэ нэхъыбэ тхылъ мы гъэм дунейм къытехьауэ жыпIэ хъунущ. Абыхэм ящыщщ «Нартхэр», «Золотое дерево нартов», нэгъуэщIхэри, - жиIащ Щхьэгъэпсом.

Иужьрейм теухуауэ къэпсэлъащ тхылъыр зи IэдакъэкъыщIэкIа, филологие щIэныгъэхэмкIэ доктор Гъут Iэдэм.

- Псом япэрауэ, фIыщIэ фхуэсщIыну сыхуейт мы тхылъыр дунейм къытехьэнымкIэ академием зэрызыкъысщIигъэкъуам папщIэ. Фубзыхуа Iуэхухэм хэмыту, мы тхылъыр къызэрыдэвгъэкIам ифI псоми къыдэкIыну согугъэ. Сыту жыпIэмэ, адыгэм и IуэрыIуатэр, нарт эпосыр Кавказым щыпсэу лъэпкъ зыбжанэм къащтам и закъуэ мыхъуу, нартхэм къатехъукIахэр езырауэ, эпосри я лъэпкъ къулеигъэм щыщу жаIэ. ЖаIэм и закъуэкъым, ар цIыхубэм щыхахьэ зэIущIэ бжыгъэншэхэр ирагъэкIуэкI, пщIы бжыгъэкIэ тхылъхэр къыдагъэкI. Тхыдэм апхуэдизкIэ мыхьэнэшхуэ иIэщи, узищIысыр, уи блэкIамрэ укъызыхэкIа лъэпкъым и щэнхабзэмрэ умыщIэным нэхъ щхьэфIэх хуэлэжьынкъым цIыхум. А псоми гуманитар щIэныгъэхэмкIэщ зэрызыщыдгъэгъуазэр. ИкIи адыгэ IуэрыIуатэмрэ тхыдэмрэ я пщIэм нобэ кIэрыдгъэхумэ, абы щIэблэр щыдмыгъэгъуазэмэ, лъэпкъым фIы къытпэщылъкъым. Абы и лъэныкъуэкIэ ЩIэныгъэхэмкIэ Дунейпсо Адыгэ академием лэжьыгъэшхуэ зэфIех. Ди Iуэхур куэдкIэ нэхъ шынагъуэу щытынут, академиер димыIамэ. ДяпэкIи ди щэнхабзэм, бзэм, тхыдэм дытелажьэмэ, ди лъэпкъ къулеигъэхэр зыми тIэщIихыфынукъым, - жиIащ Гъутым.

Щхьэгъэпсор абыкIэ арэзы хъуащ икIи къыхалъхьащ тхылъиплIым деж къыщымыувыIэу, «Нартхэм» я етхуанэ Iыхьэми елэжьын щIадзэну.

Щхьэгъэпсом зэрыжиIамкIэ, 2026 гъэм академием илэжьынухэм ящыщщ Къанокъуэ Арсен ЩIДАА-м и президенту зэрыщытрэ илъэси 5 зэрырикъум ирихьэлIэу, а зэманым къриубыдэу академием илэжьам зэрыриплъэжынур, зэгухьэныгъэм и унафэщI хэхыныгъэхэр щекIуэкIыну зэIущIэшхуэм зыхуагъэхьэзырынур.

Иджыблагъэ зи ныбжьыр илъэс бжыгъэ дахэ ирикъуа, ЩIДАА-м и академик, экономикэ щIэныгъэхэмкIэ кандидат Къущхьэ Амырхъанрэ химие щIэныгъэхэмкIэ доктор Бей Iэуесрэ я цIэхэри къыщраIуащ зэIущIэм икIи ЩIДАА-м и фIыщIэ тхылъкIэ ягъэлъэпIащ ахэр.

- ЦIыху гъэщIэгъуэнщ, щIэныгъэлI лъэщщ, илъэс куэд щIауэ соцIыху Iэуес. Абы и кандидат лэжьыгъэр 1991 гъэм пхигъэкIауэ щытащ, илъэс 36-рэ фIэкIа езыр мыхъуу. ЩIэныгъэм хэлъхьэныгъэу хуищIам папщIэ, академием и фIыщIэ тхылъыр худогъэфащэ, - жиIащ Щхьэгъэпсом, зэIущIэм кърихьэлIа Бейм саугъэтхэр щритыжым.

ЗэIущIэм къыщаIэта Iуэхугъуэхэм ятеухуауэ унафэ пыухыкIахэр къащтащ щIэныгъэлIхэм.

ФЫРЭ Анфисэ.

КъБР-м и япэ Президентым и щIыхькIэ

• Картинг

Къэбэрдей-Балъкъэрым картингымкIэ и чемпионат зэIухарэ пашэныгъэр къэхьыным хуэунэтIа зэхьэзэхуэрэ Нарткъалэ щекIуэкIащ. Ар и фэеплъу щытащ КъБР-м и япэ Президент КIуэкIуэ Валерэ икIи абы щызэпеуащ УФ-м и щIыналъэхэм ящыщу 6-м я спортсмен 70-м нэблагъэ.

ГЪЭЩIЭГЪУЭНУ икIи удэзыхьэхыу екIуэкIа зэпеуэхэм республикэм и картингистхэм ящыщу зыхэта гупхэм япэ увыпIэхэр къыщахьащ Шелковников Иван, Кейбаков Ислъам, Хьэкъун Елдар, Башиев Къуанч сымэ.

Теувэжыкъуэ Герман, Бещтокъуэ Исмэхьил, Кейбаков Мурат, Кулиев Чэрим, Дмитриев Руслан, Дзыгъуанэ Марат сымэ етIуанэ хъуахэщ.

Домбеякъ медалхэр къахьащ Соблыр Ислъамрэ Ерчэн Эмиррэ.

АЛЫДЖЫКЪУЭ Руслан.

Ахъмэт Мусэбий и фэеплъу

• Дзюдо

Социалист Лэжьыгъэм и ЛIыхъуэжь Ахъмэт Мусэбий и фэеплъу дзюдомкIэ урысейпсо зэхьэзэхуэ иджыблагъэ щекIуэкIащ Кэнжэ къуажэм дэт «Пять колец» спорт академием. Абы щызэпеуащ УФ-м и щIыналъэхэм ящыщу 11-м я бэнакIуэ 200, я ныбжькIэ илъэс 21-м щIимыгъуауэ.

КЪЭБЭРДЕЙ-Балъкъэрым и спортсменхэм зэхьэзэхуэм медалибл къыщахьащ, абыхэм щыщу 3-р дыщэу, 2-р - дыжьыну, 2-р - домбеякъыу. Я хьэлъагъ елъытауэ зыхэта гупхэм япэ увыпIэхэр щаубыдащ КIуж Темырлан (кг 66-рэ), Мамий Астемыр (кг 100), Хъуран Каринэ (кг 48-рэ) сымэ.

ЕтIуанэ хъуахэщ Кастоев Маратрэ (кг 100), Къуэдзокъуэ Иланэрэ (кг 48-рэ). Домбеякъхэр къахьащ Гаджиев Сергейрэ (кг 100) Машэжь Данэрэ (кг 48-рэ).

«Зэхьэзэхуэр щрагъэкIуэкIащ Ахъмэт Мусэбий къыщалъхуа Кэнжэ къуажэм иджыблагъэ къыщызэIуаха комплексыщIэм. Абы кърихьэлIащ КъБР-м спортымкIэ и министрым и къуэдзэ Хэжь Заур, КъБР-м и Парламентым и депутат, жылагъуэ лэжьакIуэ, псапащIэ Къаздэхъу Альберт, УФ-м дзюдомкIэ и федерацэм и лIыкIуэхэр, нэгъуэщIхэри.

КИФЩI-м пашэныгъэр къыщыхьыным хуэунэтIауэ Шэшэным нэхъапэIуэкIэ щекIуэкIа зэпеуэм япэ увыпIихыр къыщызыхьа ди бэнакIуэхэр Урысейпсо зэхьэзэхуэм кIуэнущ. Мыбы и финалым икIахэращ апхуэдэ Iэмалхэр зыгъуэтар. Ди щIалэхэмрэ хъыджэбзэмрэ хъарзынэу зыкъагъэлъэгъуащ.

ХьэщIэхэм яхэтащ Мэзкуу, Астрахань, Волгоград, Краснодар, Тюмень областхэм, Кавказ Ищхъэрэм и щIыналъэхэм, нэгъуэщI щIыпIэхэми къикIахэр.

Зэхьэзэхуэм и къызэгъэпэщыкIэкIи, зэрекIуэкIа щIыкIэмкIи дэбгъуэн щыIакъым, нахъыфIыж хъунуи дыщогугъ», - жиIащ КъБР-м ДзюдомкIэ и федерацэм и тхьэмадэ, УФ-м щIыхь зиIэ тренер Емкъуж Мухьэмэд.

ИщхьэIуэкIэ къызэрыщыхэщащи, кIэух зэпеуэм хэтахэм Iэмал яIэщ УФ-м дзюдомкIэ пашэныгъэр къыщыхьыным хуэунэтIауэ мы гъэм щэкIуэгъуэм и 13 - 16-хэм Краснодар къалэм щекIуэкIыну зэхьэзэхуэм я зэфIэкIхэр щагъэлъэгъуэну.

Ди спортсменхэм я тренерхэр Дзу Беслъэн, Джэданэ Залым, Махуэ Олег сымэщ.

КЪУЭЖЕЙ Iэмин.

КъыдэкIыгъуэм фыкъыщеджэ

• ЩIэ



Иджыблагъэ дунейм къытехьащ «Iуащхьэмахуэ» литературэ-художественнэ, жылагъуэ-политикэ журналым и къыкIэлъыкIуэ къыдэкIыгъуэр - 2025 гъэм и еплIанэ номерыр.

АР къызэIуах журналым и жьантIэр зылъыса тхакIуэ цIэрыIуэ МэшбащIэ Исхьэкъ теухуа тхыгъэхэм. Ди нэхъыжьыфIым и ныбжьыр илъэс 95-рэ щрикъум ирихьэлIэу абы псалъэ гуапэ хужызыIэну хуейхэр зэрыкуэдым къыхэкIыу, ахэр дгъэмэщIэну дыхэтакъым. «Зи гугъэр мыухым мыухщ и къарур» зи фIэщыгъэ тхыгъэ купщIафIэр и IэдакъэщIэкIщ АР-м, КъБР-м щIыхь зиIэ я журналист НэщIэпыджэ Замирэ. Сэхъурокъуэ Хьэутийрэ ХьэфIыцIэ Мухьэмэдрэ я IэдакъэщIэкIхэм къагъэлъагъуэ Исхьэкъ зэрышу пашэр, зэрыадыгэлI Iущыр. АдэкIэ дыкъыщоджэ МэшбащIэм хужаIахэм щыщ пычыгъуэхэм, Кулиев Къайсын, Рождественский Роберт, Михалков Сергей, Бондарев Юрий, Къэрмокъуэ Хьэмид, Архипов Владимир сымэ, нэгъуэщIхэми я псалъэ гуапэхэм. Журналым и напэкIуэцIхэр яхухэхащ МэшбащIэ Исхьэкъ и усэхэм, и «Уафэнэ» романым щыщ Iыхьэм (зэзыдзэкIар НэщIэпыджэ Замирэщ), «Кастрэ Фидель сызэрыхуэзар» и гукъэкIыжым.

Апхуэдэуи номерым и жьантIэр хуэфащэ дыдэщ тхакIуэ, щIэныгъэлI МафIэдз Сэрэбий. Къызэралъхурэ мы гъэм илъэс 90 ирикъуа МафIэдзым и гъащIэ гъуэгуанэм дыщегъэгъуазэ ХьэкIуащэ Мадинэ и «ЛъэпкъылI щэджащэт» тхыгъэм. Абы и творчествэм гупсэхуу теткхыхьащ Мэлей ФатIими («Пщы зэрыхьэ бей мэхъу»). АдэкIэ дыкъоджэ Сэрэбий и «Пшэрыхь зыхущанэхэр» тхыгъэм, адыгэ бзылъхугъэхэм ятеухуам. Апхуэдэуи «ЩIакIуэ фIыцIэ» повестым щыщ Iыхьэм.

«Литературэ щIэныгъэ. Критикэ» рубрикэм щIэтщ филологие щIэныгъэхэмкIэ доктор Хьэвжокъуэ Людмилэ «Зепхьэну мыфейдэми адыгагъэр, ЩымыIэ ар зезыхьэм къефIэкIа» усэ сатырхэр фIэщыгъэ зыхуищIа лэжьыгъэр. Ар теухуащ шэрджэс усакIуэ, тхакIуэ, журналист Тхьэгъэпсэу Увжыкъуэ и тхыгъэхэм. Людмилэ и къэхутэныгъэхэм щыхьэт техъуэми ярейуэ, журналым дыкъыщоджэ Увжыкъуэ и усэхэм.

«Хэхэс гъащIэмрэ нобэрей си дунеймрэ» тхыгъэр зытеухуар Сирием къиIэпхъукIыжу Урыху къуажэм, унагъуэ дахэ щыхъуауэ, дэс Идрис (Къардэн) Мухьэмэд-Омарщ. Абырэ и щхьэгъусэ Ларисэрэ я унэ уихьэну, зэдежьууэ къыбжаIэж хьыбар гъэщIэгъуэнхэм уедэIуэну сыт и уасэ?! Хэхэс гъащIэм и закъуэкъым Омар узыIэпишэу зи гугъу ищIыр, абы фIы дыдэу хещIыкI тхыдэми, литературэми, динми, бзэхэми, лъэпкъ зэмылIэужьыгъуэхэм я шхыныгъуэхэми, пщэфIэныр зыхилъхьэ щыIэкъыми, къыпщыгуфIыкIыжу уигъэхьэщIэнущ, тырку кофи уригъэфэнущ... Ядэслъэгъуа цIыхугъэм щыщ Iыхьэ мащIэщ тхыгъэм къыщызгъэлъэгъуэфар, иджыри зэгуэр Омар и гукъэкIыж гуэрхэм щIэджыкIакIуэхэр фыщызгъэгъуэзэну си мурадщ.

Журналым и иужьрей напэкIуэцIхэм итщ филологие щIэныгъэхэмкIэ доктор БищIо Борис и «Адыгэ псэлъафэхэр» (пычыгъуэщ). Абы къыкIэлъокIуэ икIи журналыр зэхуещIыж Мыкъуэжь Людмилэ зэхигъэува, куэдым яфIэгъэщIэгъуэн, псалъэжьу зэхэлъ псалъэзэблэдзым.

ИСТЭПАН Залинэ,
«Iуащхьэмахуэ» журналым жэуап зыхь и секретарь.

Iуэху щхьэпэхэр

Хэку зауэшхуэм ТекIуэныгъэ къызэрыщытхьрэ илъэс 80 зэрырикъум и щIыхькIэ Бахъсэн районым Iуэху щхьэпэхэр щокIуэкI щхъуантIагъэхэр гъэтIысыным теухуауэ. Мы зэманым районым щыпсэухэм, школакIуэхэмрэ администрацэм щыщхэмрэ жыгрэ чыцэу 2000-м щIигъу хасащ.

IУЭХУМ къызэщIеубыдэ жылэ зэмылэIужьыгъуэхэр, абыхэм я паркхэр, аллеехэр, апхуэдэуи гъуэгубгъухэр. Акцэм и мурад нэхъыщхьэр зауэм и лIыхъужьхэм я фэеплъыр мыкIуэдыжын щIынырщ, абы къыдэкIуэу районым и щIыуэпс щытыкIэр егъэфIэкIуэнырщ.

Бахъсэн районым и IэщIагъэлI нэхъыщхьэ, эколог-инспектор Шыбзыхъуэ Заур къыхигъэщащ мы Iуэхум щIэблэхэр зэрызэкъуигъэувар икIи цIыхухэм ягу къигъэкIыжащ тхыдэ фэеплъхэр хъумэным мыхьэнэшхуэ зэриIэр. Абы жиIащ жыгхэр гъэтIысыныр илъэсыр иухыху зэрекIуэкIынур икIи районым щыпсэу псори къызэрыхураджэр а Iуэхур къыдаIыгъыну, дыкъэзыухъуреихь дунейр, фэеплъхэр хъумэным хэлъхьэныгъэ хуащIыну.

БАХЪСЭН Ланэ.

Гугъэ дахэхэр къыдэзытхэр

«Хэкум и хъумакIуэхэм я Кубок» фIэщыгъэр зэрихьэу Налшык къалэм и «Гладиатор» спорт комплексым махуищкIэ щекIуэкIащ СВО-м и ветеранхэм я щIыналъэ зэхьэзэхуэ. Ар къызэрагъэпэщат КъБР-м и Правительствэм, УФ-м СпортымкIэ и министерствэм, УФ-м и Паралимп комитетым, къэралым спортымкIэ и федерацэ зэмылIэужьыгъуэхэм, «Хэкум и хъумакIуэхэр» фондым, «ЮгМедиа» компанием.

Къэбэрдей-Балъкъэрым спорт зэмылIэужьыгъуэхэмкIэ и командэ къыхэхахэм зыщагъэхьэзыр центрым а махуэхэм щызэпеуащ Кавказ Ищхъэрэм хыхьэ щIыналъиблым я лIыкIуэхэр. Ахэр зэхьэзэхуащ шабзэкIэ, фочкIэ нэщанэ еуэнымкIэ, стIолыщхьэ теннисымкIэ, хьэлъэ къэIэтынымкIэ, сэ дзынымкIэ, щысу волейбол джэгунымкIэ, нэIупхъуэхэр яIулъу стIолыщхьэ теннис джэгунымкIэ (шоудаун).

Зэпеуэм къыщыхэжаныкIахэм медалхэмрэ кубокхэмрэ иратащ Олимп, Паралимп джэгухэм я чемпионхэм, къэрал къулыкъущIэхэм, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я лIыкIуэхэм. Абыхэм яхэтащ УФ-м и Паралимп комитетым и тхьэмадэ Рожков Павел, КъБР-м и Парламентым и УнафэщIым и къуэдзэ, Олимп джэгухэм я чемпион Къардэн Мурат, КъБР-м спортымкIэ и министр Хьэсанэ Ислъам, дуней псом щэнейрэ щытекIуа, Паралимп джэгухэм ещанэ щыхъуа, УФ-м спортымкIэ щIыхь зиIэ и мастер Крутовэ Еленэ, УФ-м и Жылагъуэ советым и Секретарым и къуэдзэ, УФ-м зи Iэпкълъэпкъым сэкъат иIэхэмкIэ и спорт федерацэм и унафэщI, УФ-м и Паралимп комитетым и тхьэмадэм и къуэдзэ, УФ-м и ЛIыхъужь Бочаров Вячеслав, «Хэкум и хъумакIуэхэр» Къэрал фондым Жылагъуэ пэхуэщIэхэмкIэ и управленэм и унафэщI Артамонов Михаил сымэ, нэгъуэщI хьэщIэ лъапIэхэри.

А пщыхьэщхьэм зэхьэр ягъэдэхащ КъБР-м щыцIэрыIуэ уэрэджыIакIуэхэм, Музтеатрым и артистхэм, Темыркъан Борис и цIэр зезыхьэ къэрал филармонием, «Кабардинка», «Балкария», «Тэрч къэзакъхэр» къэфакIуэ гупхэм.

Зэхьэзэхуэм хэтахэмрэ ар зэрекIуэкIым кIэлъыплъыну спорт комплексым къэкIуахэмрэ зыхуагъазэу, къызэгъэпэщакIуэхэм жаIащ:

«Нобэ зэхэдгъэкIащ фIыхэм я фIыжхэр хэт сымэми. Мы зэпеухэм щызэпэщIэтащ псом нэхърэ нэхъ лъэщхэр, цIыху къаруу-фIэхэр, Хэкум и хъумакIуэ нэсхэр! ФIыщIэ ин яхудощI абыхэм лIыгъэрэ хахуагъэрэ къызэрагъэлъагъуэм папщIэ. Берычэт бесын, яжыдоIэ, я рекордхэм папщIэ! Фэращ гухэхъуэ къыдэзытыр! Фэращ ТекIуэныгъэр къызэрытхьынумкIэ гугъэ дэзыгъэщIыр!».

Зэхьэзэхуэр зэхуащIыжу, гуфIэгъуэ пшыхьым и кIэухым УФ-м и Гимныр игъэзэщIащ КъБР-м щIыхь зиIэ и артист ЦокIыл Азэмэт. ИужькIэ, псоми зэгъусэу фэеплъ сурэт зэтрагъэхащ.

КЪУЭЖЕЙ Iэдэм.

ФIыщIэшхуэ къэзылэжь

• Дэ къытхуатх

Зэхэтхауэ куэд дыщыгъуазэщ Бахъсэнёнкэ къуажэм щыщ Батырхэ я унагъуэм къатепсыха гузэвэгъуэм, мафIэсым хэщIыныгъэшхуэ къазэрыритам. Абыхэм зыщIагъэкъуэн мурадкIэ, жылэм къыщызэрагъэпэщри, псапащIэ концерт дахэ ирагъэкIуэкIащ, абы къыхэкIа мылъкур Батырхэ иратащ.

КЪЫЗЭЗЫГЪЭПЭЩАХЭМИ, абы зи къару хэзылъхьахэми, уэрэд щыжызыIахэми, къыщыфахэми псапэ щIауэ Тхьэм къаритыж. Гуапагъэр зэи мащIэ хъуркъым, адыгэ псалъэжьым зэрыжиIэщи, мастэ гуапэщи, мастэ гуауэщ. Iуэху мыщIагъуэкIэ зэхуэсами, хэтахэми я щхьэр лъагэу ялъагъужын хуэдэу лIыгъэ зэрахьащ, зыхуащIами яхуэщхьэпащ. ЯIуэтэжыну ди гуапэщ.

ЦIыхугъэм и щапхъэщ, лъэпкъыр зэкъуэзыгъэувэ Iуэхущ ар, шэч хэмылъу. Абы зэригъэинар къыхэщу, фIыщIэ ящIым и щапхъэу ди редакцэм мы махуэхэм къыIэрыхьащ тхыгъэ, Батырхэ я унагъуэм къыбгъэдэкIыу. Абы итщ мыпхуэдэу: «Фи газетым и редакцэр къэдгъэсэбэпу дыхуейщ фIыщIэшхуэ яхуэтщIыну Бахъсэнёнкэ къуажэ администрацэм и Iэтащхьэ Абрэдж Жантемыррэ ЩэнхабзэмкIэ унэм и методист, тхакIуэ, усакIуэ Зэгъэщтокъуэ Людмилэрэ. МафIэсым гугъуехьым пэщIигъэува ди унагъуэм зыкъыщIагъэкъуэну мурад ящIри, абыхэм зэхашащ псапащIэ концерт дахэ. Къуажэдэсхэм я нэгу зэрызиужьам къыдэкIуэу, ди щхьэкIэ ди гуапэ дыдэ хъуащ ди гузэвэгъуэр къыддаIыгъыну ягу къызэрыкIар, яхузэфIэкIымкIи къызэрыткъуэувар. Людмилэ, уи лэжьыгъэ купщIафIэм папщIэ щхьэхуэу фIыщIэ ин пхудощI. Ди къуажэмрэ ди районымрэ къыщымынэу, республикэ псор иропагэ уи зэфIэкIым, псом хуэмыдэу сабийм я гъэсэныгъэм папщIэ блэжьым. Узыншагъэ ущымыщIэу, фIыгъуэр уи бэу, фIыуэ укъэзылъагъухэр къыпкъуэту иджыри илъэс куэдкIэ улэжьэну ди гуапэщ».

БЛИЙ Даянэ.

УнафэщI-редактор ЖЬЭКIЭМЫХЪУ Маринэ

РЕДКОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР:

Жыласэ Заурбэч *(редактор нэхъыщхьэ)*, **Ширдий Маринэ** *(унафэщI-редактор)*, **Къаншокъуэ Эллэ** *(жэуап зыхь секретарь)*, **Къардэн Маритэ, Къумахуэ Аслъэн, НэщIэпыджэ Замирэ, Чэрим Марианнэ, ЩхьэщэмыщI Изэ.**

ТЕЛЕФОНХЭР:
редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; унафэщI-редакторхэм 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-75-78; секретариатым - 42-22-66.
КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Iуэхухэмкlэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 40-15-31; хъыбарыщIэхэмрэ спортымкIэ - 42-22-88, 42-22-89; хабзэхъумэ IэнатIэхэм ядэлэжьэнымкIэ - 42-60-53; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-22-66; компьютер IэнатIэм - 42-26-41; сурэттеххэм - 42-63-64.

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ IуэхущIапIэм ятхащ ПИ № ТУ07-00117-м щIэту.

Къыдэзыгъэкlхэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр: 360030, КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

Индексыр П 5894
Тиражыр 1.289
Заказыр №2183
12+

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.
Тел.: 76-01-28, 76-01-10

МЫ КЪЫДЭКIЫГЪУЭМ ЕЛЭЖЬАХЭЩ:

жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **ДыщэкI Соня**, *корректорхэу* **ПхытIыкI Марие** *(1, 2-нэ нап.)*, **Нэужьокъуэ Заирэ** *(3, 4-нэ нап.)*, *корректорхэм я дэIэпыкъуэгъу* **Елмэс ФатIимэ**.
КомпьютеркIэ газетым и теплъэр ящIащ **Дол Маринэ, Мэлбахъуэ Анжелэ**.
Сурэтхэм елэжьар **Бицу Жаннэщ**.

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ.

357600, Ставрополь край, ЕсэнтIыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20-рщ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокI.